

**REFERENSI SAHA FUNGSINIPUN
PISUHAN BASA JAWI WONTEN ING SALEBETING
KALAWARTI DJAKA LODHANG
EDISI JANUARI DUMUGI DESEMBER 2013**

SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jejangkeping Pandadaran
Anggayuh Gelar
Sarjana Pendidikan



dening

Viandika Indah Septiyani

NIM 09205241003

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2014**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan Pisuhan Basa Jawi Wonten ing Salebeting Kalawarti
Djaka Lodhang Edisi Januari dumugi Desember 2013 menika sampun pikantuk
palilah dening *pembimbing* kangge dipunujekaken ing salebeting *pendadaran*.



Yogyakarta, 7 Juli 2014

Pembimbing I,

Hardiyanto, M. Hum

NIP. 19561130 198411 1 001

Yogyakarta, 2 Juli 2014


Pembimbing II,

Mulyana, M. Hum

NIP. 19661003 199203 1 002

Skripsi kanthi irah-irahan *Referensi* saha Fungsini pun Pisuhan Basa Jawi Wonten ing Salebeting Kalawarti Djaka Lodhang Edisi Januari dumugi Desember 2013 menika sampun dipunandharaken ing pandadaran wonten sangajenging *penguji* ing tanggal
23 Juli 2013 saha dipuntetepaken lulus.

Dewan Penguji

Asma	Jabatan	Tapak asma	Tanggal
Dr. Suwardi, M.Hum	Ketua penguji		28 Agustus 2014
Drs. Mulyana, M.Hum	Sekretaris penguji		29 Agustus 2014
Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum	Penguji I		28 Agustus 2014
Drs. Hardiyanto, M.Hum	Penguji II		29 Agustus 2014

Yogyakarta, 29 Agustus 2014

Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,

Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.
NIP. 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Viandika Indah Septiyani**

NIM : 09205241003

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa


Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

Ngandaraken bilih panaliten menika minangka asiling padamelan kula piyambak. Sapangertosan kula, panaliten menika boten kaisi *materi* ingkang dipunserat dening tiyang sanes, kajawi namung perangan tertamtu ingkang kula pendhet minangka dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan *karya ilmiah* ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kabukti wedharan menika boten leres, saestu dados tanggél jawab kula.

Yogyakarta, **1** Juli 2014

Panyerat,



Viandika Indah Septiyani

SESANTI

Tatag, teteg, bakal tutug.

PISUNGSUNG

Kanthi raos sukur dhumateng Allah SWT.

Karya ilmiah menika kula pisungsungaken dhateng :

Bapak kaliyan Ibu ingkang sampun paring panyengkuyung saha pandonga.

PRAWACANA

Alhamdulillah wa Syukurillah konjuk dhumateng Allah SWT ingkang tansah paring lumubering rahmat, barokah, saha hidayah dhateng panyerat, saengga skripsi kanthi irah-irahan “*Referensi saha Fungsipun Pisuhan Basa Jawi Wonten ing Salebeting Kalawarti Djaka Lodhang Edisi Januari dumugi Desember 2013*” menika saged kaimpun kanthi nir ing sambekala. Skripsi menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat pikantuk *gelar sarjana pendidikan*.

Awit saking pambiyantu kangge nyusun skripsi menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng sedaya ingkang mbiyantu kados kaserat wonten ing ngandhap menika.

1. Bapak Prof. Zamzani, M.Pd., minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring idin kangge nyusun skripsi menika.
2. Bapak Dr.Suwardi, M.Hum., minangka pangarsaning Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring wewarah supados skripsi menika saged dipunrampungaken kanthi lancar.
3. Bapak Hardiyanto, M.Hum., minangka *pembimbing I* ingkang sampun paring wewarah kanthi sabar kangge ngrampungaken skripsi kanthi lancar.
4. Bapak Mulyana, M.Hum., minangka *pembimbing II* ingkang sampun paring wewarah kanthi sabar kangge ngrampungaken skripsi kanthi lancar.
5. Ibu Prof. Dr. Suharti, M.Pd., minangka *Penasehat Akademik* ingkang sampun paring *nasehat* salaminipun sinau ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
6. Sedaya dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring seserepan wonten ing pasinaon kuliah.
7. Para *staf* Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring pambiyantu anggenipun proses panyeratan skripsi menika saengga ndadosaken lancar sadayanipun.
8. Tiyang sepuh kekalih saha sedaya kulawarga ingkang sampun paring pambiyantu saha donga pangestu.

9. Sedaya kanca – kanca kula ingkang wonten Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pambiyantu saha *semangat*.
10. Penerbit kalawarti Djaka Lodhang ingkang sampun mbiyantu anggenipun nggarap skripsi.
11. Sedaya *pihak* ingkang boten saged kula sebataken setunggal mbaka setunggal awit saking pambiyantunipun.

Panyeratan skripsi menika taksih gadhah kekurangan. Awit saking menika, panyerat gadhah pangajab supados pamaos paring panyaruwe saha pamrayogi kangge nyampurnakaken panaliten menika. Panaliten menika mugi-mugi saged caos paedah dhateng sedaya ingkang maos.

Yogyakarta, Juli 2014

panyerat,

Viandika Indah Septiyani

WOSING ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
WOSING ISI	ix
<i>DAFTAR TABEL</i>	xi
<i>DAFTAR LAMPIRAN</i>	xii
DAFTAR CEKAKAN	xiii
<i>DAFTAR TETENGER</i>	xiv
SARINING PANALITEN	xv
 BAB I PURWAKA	 1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	3
C. Watesaning Perkawis	4
D. Wosing Perkawis	4
E. Ancasing Panaliten	5
F. Ginanipun Panaliten	5
G. Pangertosan	5
 BAB II GEGARANING <i>TEORI</i>	
A. Andharaning <i>Teori</i>	9
1. <i>Sosiolinguistik</i>	9
2. <i>Variasi</i> basa	10
3. Sikap Basa	11
4. <i>Komponen Afektif</i>	13
5. Pisuhan Basa Jawi	15

1. Referensi Pisuhan Basa Jawi wonten ing salebeting Kalawarti Djaka Lodhang Edisi Januari-Desember 2013	29
2. Fungsipun Pisuhan Basa Jawi wonten ing salebeting Kalawarti Djaka Lodhang Edisi Januari-Desember 2013	32
B. Panaliten ingkang Jumbuh	38
C. Nalaring Pikir	39
 BAB III CARA PANALITEN	
A. Jinising Panaliten	40
B. <i>Data saha Sumber Data</i>	40
C. Wekdal panaliten	44
D. Cara Ngempalaken <i>Data</i>	44
E. Instrumen Panaliten	45
E. Analisis <i>Data</i>	45
F. Cara ngesahaken <i>data</i>	48
 BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	
A. Asiling Panaliten	50
B. Pirembagan	65
1. <i>Referensi</i> pisuhan wonten ing salebeting kalawarti Djaka Lodhang edisi Januari dumugi Desember 2013	65
2. Fungsipunpisuhan basa Jawi wonten ing kalawarti Djaka Lodhang edisi Januari dumugi Desember 2013	75
 BAB V PANUTUP	
A. Dudutan	88
B. <i>Implikasi</i>	88
C. Pamrayogi	90
KAPUSTAKAN	91
LAMPIRAN	93

DAFTAR TABEL

	Kaca
<i>Tabel 1 : tuladhanipun kartu data.....</i>	45
<i>Tabel 2 : tuladha tabel analisis data.....</i>	47
<i>Tabel 3 : Referensi pisuhan.....</i>	50
<i>Tabel 4 : Fungsi pisuhan.....</i>	57

DAFTAR LAMPIRAN

	Kaca
<i>Lampiran 1: Tabel analisis data.....</i>	93
<i>Lampiran 2: Tabel kartu data.....</i>	129
<i>Lampiran 3: Kalawarti Djaka Lodhang</i>	141

DAFTAR CEKAKAN

- O₁ : pamicara kapisan ing pawicantenan
- O₂ : pamicara kapindho ing pawicantenan
- O₃ : pamicara kaping tiga ing pawicantenan

DAFTAR TETENGER

Tetenger	Teges
(‘ ’)	tanda <i>petik doble</i> , pawicantenan
(-)	tanda pisah, katrangan <i>oposisi</i>
	tanda hubung, dipunginakaken kangge nyambung tembung kaliyan wuwuhan.
+	dipunwaos : dipunwuwuhi, dipuntambah
→	dipunwaos: dados

**REFERENSI SAHA FUNGSINIPUN
PISUHAN BASA JAWI WONTEN ING SALEBETING
KALAWARTI DJAKA LODHANG
EDISI JANUARI DUMUGI DESEMBER 2013**

VIANDIKA INDAH SEPTIYANI

09205241003

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken *referensi* saha fungsipun pisuhan basa Jawi. Pisuhan basa Jawi ingkang dipunteliti menika wonten salebeting kalawarti Djaka Lodhang edisi Januari-Desember 2013.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. *Data* ing panaliten menika awujud pisuhan wonten ing pawicantenan. *Objek* panalitenipun inggih menika pawicantenan ingkang wonten ing salebeting kalawarti Djaka Lodhang edisi Januari-Desember 2013. Cara ngempalaken *data* inggih menika kanthi *metode* maos saha cathet. *Data* dipunanalisis kanthi *teknik deskriptif* inggih menika panaliti ngandharaken referensi saha fungsipun pisuhan. Kangge ngesahaken *data* dipunginakaken *validitas* saha *reliabilitas*.

Asiling panaliten menika ngandharaken referensi saha fungsipun pisuhan wonten salebeting kalawarti Djaka Lodhang edisi Januari dumugi Desember 2013. *Referensi* pisuhan saged dipuntemtokaken saking satuan lingualipun. *Referensipun* inggih menika saking kewan, pandamelan, piranti, regetaning manungsa saha kewan, kawontenan, memedi, papan asal, tindakan tertemtu. Fungsipun pisuhan saged dipunmangertosi saking konteks pawicantenanipun, fungsipun pisuhan inggih menika kangge ngudhar raos duka, ngudhar raos anyel, ngudhar raos kuciwa, kangge ngudhar raos gumun, kangge ngudhar raos getun, ngudhar raos nyamah, ngudhar raos reraketan, ngudhar raos bungah, ngudhar raos kaget saha ingkang pungkasan kangge nyindhir.

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring panaliten

Ing masarakat, basa menika ginanipun wigatos sanget ing padintenan. Basa dipunginakaken kangge piranti *komunikasi*. Basa menika wonten ingkang wujudipun lisan saha saged wujud tulisan. Basa ingkang awujud tulisan tuladhanipun inggih menika layang, serat, *SMS*, karya ilmiah, ariwarti saha kalawarti.

Kalawarti ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika kalawarti Djaka Lodhang edisi Januari dumugi Desember 2013. Kalawarti Djaka Lodhang menika basanipun migunakaken basa Jawi. Basa Jawi ingkang dipunginakaken wonten ing kalawarti Djaka Lodhang menika basa Jawi dialek Yogyakarta, Jawa Timuran, saha Banyumasan. Wonten ing salebeting kalawarti Djaka Lodhang kaperang dados 50 rubrik, ananging boten sedaya rubrik dipunteliti. Rubrik ingkang narik kapitadosan kangge dipunteliti inggih menika rubrik ingkang wonten tembung pisuhanipun.

Pisuhan menika tembung ingkang dipunanggep *tabu* kangge dipuntuturaken wonten ing masyarakat. Pisuhan dipunanggep kasar saha boten sopan. Wonten ing panaliten badhe ngandharaken bilih pisuhan boten namung dipuntuturaken kangge ngudhar raos duka kemawon. Pisuhan ugi dipuntuturaken kangge ngraketaken sawung saha kangge nyindhir. Pisuhan ingkang dipuntuturaken kangge ngraketaken sawung saha kangge nyindhir menika

pisuhan ingkang dipuntuturaken kanthi suwanten ingkang boten kasar, ananging asring dipuntuturaken kanthi guyon.

Pisuhan ingkang dipuntuturaken kanthi raos duka menika saged ndamel manahipun paraga sanes anyel. Ananging pisuhan ingkang dipuntuturaken kangge ngraketaken sawung boten ndamel manahipun paraga sanes anyel. Malah saged ndamel suwasana langkung raket.

Tuladha pisuhan ingkang dipuntuturaken kangge ngraketaken sawung inggih menika:

A :”Hahaha owawonh Pak Tonggos, cobu niku lensa pembesare dicopot riyin, trus njenengan kondur ten ndalem, dipirsani corone mangke lak pun menkeret ddi cuilik Pak”

B : “Hehehe iya ya Mas, **semprul** iki apa sing marakke coro dadi guedhi sak kucing”

Pak Tonggos klentreng-klentreng bali mulih karo pijer nyebleki lensa pembesare.

Pisuhan tembung **semprul** inggih menika pisuhan ingkang *referensinipun* saking kawontenan tertentu. Kawontenan ingkang dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan temtunipun kawontenan ingkang boten sae. **Semprul** inggih menika kawontenanipun manungsa ingkang boten sae inggih menika menungsa ingkang gadhah sipat ingkang boten ngurus kaliyan paraga tertentu, kawontenan saha prastawa tertentu. Tembung **semprul** saged dipunsebat pisuhan nalika dipuntingali saking satuan lingualipun.

Fungsipun pisuhan **semprul** wonten ing pawicantenan ing nginggil inggih menika dipunandharaken kangge ngraketaken sawung. Pisuhan ingkang dipuntuturaken kangge ngraketaken menika saking konteks pawicantenanipun boten dipunanggep kasar. Pisuhan dipuntuturaken kangge ngclairaken suwasana

ingkang raket antawisipun paraga setunggal kaliyan setunggalipun. Pisuhan kangge ngraketaken sawung menika asring dipuntuturaken kanthi gojeg utawi guyon. Pisuhan kangge ngraketaken sawung menika namung dipuntuturaken kaliyan paraga ingkang sampun akrab, nalika nuturaken pisuhan menika paraga boten duka ananging malah sampun biasa. Saking konteks pawicantenanipun saged dipunwaos bilih paraga A menika ningali coro ngangge lensa pembesar salajengipun paraga B ngguyu kaliyan nuturaken bilih Pak Tonggos inggih menika paraga A dipunutus nyopot lensanipun. Salajengipun Pak Tonggos inggih menika paraga B ngguyu saha nuturaken tuturan pisuhan **semprul**. Pisuhan **semprul** ing nginggil dipuntuturaken kangge misuhi paraga A ingkang sampun ngguyu tindakanipun paraga B. Ananging pisuhan menika dipuntuturaken kaliyan guyon.

B. Underaning Perkawis

1. *Referensi* pisuhan wonten ing salebeting kalawarti Djaka Lodhang edisi Januari dumugi Desember 2013;
2. Fungsipun nuturaken basa pisuhan wonten ing salebeting kalawarti Djaka Lodhang edisi Januari dumugi Desember 2013;
3. Pisuhan wonten ing salebeting kalawarti Djaka Lodhang edisi Januari dumugi Desember 2013;
4. Basa Jawi ingkang dipunserat wonten ing salebeting kalawarti Djaka Lodhang edisi Januari dumugi Desember 2013;
5. Kalawarti Djaka Lodhang;
6. Rubrik ingkang dipunteliti ingkang ngandhut basa pisuhan.

C. Watesaning Perkawis

Awit wiyaripun perkawis, saengga dipunwatesi perkawisipun. Perkawis menika dipunwatesi supados panaliten menika saged *fokus*. Watesaning perkawis menika adhedhasar saking undheraning panaliten ingkang sampun dipunandharaken wonten ing nginggil. Dene wujuding perkawis inggih menika:

1. *referensi* pisuhan basa jawi wonten ing kalawarti Djaka lodhang edisi Januari-Desember 2013;
2. fungsipun basa pisuhan kangge pawicantenan Djaka lodhang edisi Januari-Desember 2013.

D. Wosing Perkawis

Adhedhasar watesaning perkawis panaliten, saged dipundudut wosing perkawisipun. Wosing perkawis dipunginakaken kangge *acuan* ngempalaken *data*. Wosing perkawis menika ingkang badhe kaandharaken wonten ing pirembagan. Wosing perkawisipun inggih sampun dipunjumbuhaken kaliyan watesaning perkawis kados ing ngandhap menika:

1. menapa kemawon *referensi* pisuhan basa Jawi wonten ing salebeting kalawarti Djaka lodhang edisi Januari-Desember 2013?
2. menapa ingkang dados fungsipun pisuhan basa Jawi wonten ing salebeting kalawarti Djaka lodhang edisi Januari-Desember 2013?

E. Ancasipun panaliten

Adhedhasar wosing perkawis panaliten, saengga saged dipundudut fungsipun panaliten. Ancas menika ingkang dipunginakaken kaliyan peneliti

supados saged nglampahaken panaliten kanthi jangkep, supados saged dipunginakaken kangge nambah panaliten wonten ing babagan *linguistik*. Ancasipun panaliten menika dipunperang dados tigang jinis. Ancasipun panaliten inggih menika:

1. badhe ngandhareken *referensi* pisuhan basa Jawi wonten ing salebeting kalawarti Djaka lodhang edisi Januari-Desember 2013;
2. badhe ngandharaken fungsipun pisuhan basa Jawi wonten ing salebeting kalawarti Djaka lodhang edisi Januari-Desember 2013.

F. Paedahipun Panaliten

Kanthi praktis, kangge masyarakat panaliten menika saged dipunginakaken kangge ngecakaken migunakaken basa pisuhan kanthi ancas ingkang leres. Bilih basa pisuhan menika boten namung dipunginakaken kangge ngudhar raos duka kemawon, ananging ugi kangge ngraketaken pasrawungan. Paedah kangge guru saha siswa wonten ing pawiyatan supados ngatos-atos anggenipun ngecakaken pisuhan.

G. Pangertosan

Gayut kaliyan irah - irahan panaliten ingkang irah-irahanipun inggih menika *REFERENSI SAHA FUNGSINIPUN PISUHAN BASA JAWI WONTEN ING SALEBETING KALAWARTI DJAKA LODHANG EDISI JANUARI DUMUGI DESEMBER 2013*, saged kaandharaken pangertosan – pangertosan tembungipun. Fungsipun ngandharaken pangertosan-pangertosan tembung supados pamaos boten bingung anggenipun maos panaliten menika amargi boten mangertosi

pangertosannipun tembung-tembung ing salebeting panaliten menika. Pangertosan tembung-tembungipun inggih menika:

1. *Referensi* pisuhan basa Jawi

Referensi inggih menika sumber ingkang dipunginakaken kangge *acuan*. *Referensi* pisuhan menika saged arupi prastawa, kawontenan, piranti lan sapiturutipun. Anggenipun nemtokaken referensi pisuhan migunakaken satuan lingual. Referensi pisuhan inggih menika arupi kewan, prastawa, kawontenan, piranti ingkang gadhah teges awon.

2. Fungsipun pisuhan basa Jawi kalawarti Djaka lodhang edisi Januari-Desember 2013

Fungsipun pisuhan inggih menika sedaya kemawon ingkang dados maksud kenging menapa penutur saged nuturaken pisuhan. Fungsipun pisuhan saged lair amargi penutur ngraosaken raos tertemtu ingkang boten sae, kadosta duka, anyel saha kuciwa. Raos menika saged lair amargi wonten prastawa ingkang kadadosan saengga nglairaken raos *emosi* tertemtu. Ananging pisuhan ugi saged dipuntuturaken kangge ngraketaken pasrawungan, ngudhar raos bungah, nyindhir, saha gumun. Basa ingkang dipuntuturaken kanthi suwanten ingkang boten kasar saha dipuntuturaken kanthi suwasana guyon.

3. Pisuhan

Pisuhan gegayutan kalia prastawa ingkang dipunanggep boten trep saru dipunginakaken wonten ing masyarakat sosial. Pisuhan dipuntuturaken nalika wonten prastawa ingkang saged njalari lairipun pisuhan, kadosta prastawa ingkang saged ndamel manahipun paraga sanes gela. Pisuhan inggih menika

ngendikakaken tembung, ukara saha frasa ingkang kasar saha boten trep. Pisuhan ingkang dipuntuturaken ugi wonten ingkang ancasipun kangge ngraketaken pasrawungan ingkang dipuntuturaken kanthi suwasana guyon. Tuladhanipun pisuhan basa Jawi inggih menika *bajingan*, tembung *bajingan* menika dipunginakaken kangge misuh amargi *bajingan* kalebet tembung ingkang tegesipun paraga ingkang pandamelanipun ngrampog.

4. Basa Jawi

Basa Jawi kalebet basa daerah ingkang dipungunakaken kangge piranti komunikasi masyarakat Jawi. Basa ingkang dipunginakaken wonten ing panyeratannipun kalawarti Djaka Lodhang inggih menika basa Jawi. Basa Jawi ingkang dipunginakaken kathahipun dialek Yogyakarta ingkang dados pakeming basa Jawi ananging ugi wonten dialek Banyumasan saha Jawatimuran. Basa Jawi dialek Yogyakarta pangginaanipun langkung alus.

5. Kalawarti Djaka Lodhang

Kalawarti Djaka lodhang inggih menika kalawarti ingkang dipuserat migunakaken basa Jawi. *Redaksi* Djaka Lodhang lair 1 Juni 1971. *Rubrik* Djaka Lodhang wonteng kathah sanget inggih menika asringipun wonten 50 rubrik ananging wonten ugi 51 rubrik. Tuladhanipun inggih menika *rubrik* crita sambung, srumuwus, dhatnyeng, kartun editoriyal, wawasan jroning negara, wawasan jaban rangkah, pagelaran, wanita lan kulawarga, sarstra lan budaya, kasarasan, lembar agama, jagading lelembut, kawruh basa, padhawonngan, crita rakyat, cerkak, wacan bocah, macapat, sekar gendhing, geguritan, pawiyatan, semarangan, dasanama, pribadi binuka, laporan dhaerah, oh lelakon,

pengawonmanku, liputan, pangupaboga, kraton, tradhisi, warta ringkes, tembang, patilasan, satleraman, gojeg. Kalawarti Djaka Lodhang ingkang dipunginakaken inggih menika edisi Januari-Desember 2013. Pisuhan ingkang dipunpanggiaken boten ing sedaya rubrik wonten salebeting kalawarti Djaka Lodhang. Data pisuhan dipunpanggiaken wonten ing salebeting rubrik padhawonngan, wacan bocah, geguritan, semarangan, pagelaran, gojeg, cariyos rakyat, pengawonmanku, jagading lelembut, cerkak, oh lelakon, cariyos gambar.

6. Rubrikipun

Rubrikipun ingkang dipunteliti menika saking rubrik padhawonngan, wacan bocah, geguritan, semarangan, pagelaran, gojeg, cariyos rakyat, pengawonmanku, jagading lelembut, cerkak, oh lelakon, cariyos gambar. Wonten ing padhawonngan, wacan bocah, geguritan, semarangan, pagelaran, gojeg, cariyos rakyat, pengawonmanku, jagading lelembut, cerkak, oh lelakon, cariyos gambar menika asring dipunpanggihi tuladha pisuhan, amargi wonten ing rubrik menika nyerataken cariyos ingkang wonten *konflik*ipun. Penulis asring nyisipaken tembung-tembung pisuhan nalika nedhahaken suasana *konflik* supados cariyos menika langkung sae. *Referensi* pisuhan basa Jawi kalawarti Djaka lodhang edisi Januari-Desember 2013.

BAB II GEGARAN TEORI

A. Andharaning Teori

1. *sosiolinguistik*

Sosiolinguistik inggih menika ilmu ingkang ngandharaken babagan basa ingkang wonten ing masyarakat sosial. *Sosiolinguistik* ngandharaken sedaya perkawis ingkang gegayutan kaliyan variabel-variabel linguistik, kadosta fonem, morfem, ukara, frasa, klausa, kalimat, lan sapiturutipun saha variabel-variabel *non linguistik* kadosta babagan sosial, yuswa, saha gender Suhardi (2009: 6). *Sosiolinguistik* menika kadospundi anggenipun kita ngandharaken prastawa kanthi tuturan ingkang boten sami antawisipun setunggal tuturan kaliyan tuturan sanesipun wonten ing konteks sosial ingkang beda. *Sosiolinguistik* ugi ngandharaken *identifikasi* babagan sosial basa saha tindak tutur ingkang dipunginakaken wonten ing masyarakat sosial.

Suhardi (2009: 6) nggambaraken bilih *sosiolinguistik* inggih menika peranganing *linguistik* ingkang gayut kaliyan *gejala sosial* saha budaya kanthi niti basa sarta masarakatipun. (Chaer, 2004:4) ndamel dudutan saking mapinten-pinten *pakar*, bilih *sosiolinguistik* inggih menika peranganing *linguistik* ingkang asipat *interdisipliner* kaliyan ngelmu *sosiologi* kanthi *objek* panalitenipun inggih menika gegayutaning basa ing salebeting masarakat *tutur*. Kartamihardja (1988: 4) ugi njlentrehaken bilih *sosiolinguistik* ngrembag *variasi* basa saha jinising basa ing masarakat. Dipunandharaken malih dening Nababan (1984: 2) *sosiolinguistik* ngrembag *aspek-aspek* masarakat basa, mliginipun *variasi* basa ingkang gayut kaliyan masarakat (*sosial*).

Wonten ing undheraning perkawis sampun dipunandharaken bilih basa pisuhan menika gegayutan kaliyan perkawis ingkang tabu nalika dipuntuturaken wonten ing papan ingkang boten trep. Kanthi etimologis ukara *tabu* menika kadadosan saking basa Polynesia ingkang dipuntepangaken kaliyan Captain James Cook, salajengipun dipuntepangaken wonten ing negara Inggris saha negara-negara Eropa. Ukara-ukara pisuhan gadhah teges ingkang wiyar, ananging kathah ingkang negesi basa pisuhan menika basa ingkang boten trep kaliyan unggah-ungguh (Wijana saha Rohmadi, 2012:110).

2. Variasi Basa

Variasi basa ingkang adhedhasar saking konteks sosial saha gegayutan kaliyan setruktur kemasyarakatan kanthi wujud basa saged dipunandharaken ing kajian *sociolinguistik*. *Sociolinguistik* ugi ngandharaken *prinsip nonreseprokalitas* inggih menika wonten ing tuturan masyarakat Jawi menika wonten unggah-ungguh basa, tuladhanipun paraga ingkang *status sosial*ipun langkung ngandhap migunakaken basa Jawi krama kaiyan paraga tingkang *status sosial*ipun langkung inggil. Ananging wonten ing praktekipun sampun asring dipuntinggalaken.

Wonten ing pawicantenan ing masyarakat sosial kathah sanget paraga ingkang sampun boten migunakaken basa krama nalika micanten kaliyan paraga ingkang *status sosial*ipun langkung inggil. Wonten ugi paraga ingkang *status sosial*ipun langkung inggil migunakaken basa Jawi krama kaliyan paraga ingkang *status sosial*ipun langkung ngandhap. Biasanipun basa Jawi krama menika dipunginakaken kangge nyindir. Miturut Nababan (1984: 15-16) *variasi* ing masarakat dipundayani dening *bab linguistik (intralingual)* saha *bab*

nonlinguistik (ekstralingual). Bab-bab *nonlinguistik* ingkang paring daya nalika tiyang ngginakaken basa inggih menika bab *sosial* saha bab *situasional*.

3. Sikap Basa (*language attitude*).

Wonten ing *ranah sociolinguistik* ugi wonten *sikap basa (language attitude)*. *Sikap* basa inggih menika *mental* utawi raos penutur nalika nuturaken basa (Kridalaksana, 2001:197). *Sikap* inggih menika tintak tanduk saha tindak tutur ingkang dipuntindakaken penutur. *Sikap* menika dipunbedakaken dados tigang komponen, inggih menika:

1. *Komponen kognitif*

Komponen kognitif gegayutan kaliyan alam saha *gagasan* ingkang biasanipun dipunginakaken wonten ing *proses pikir*. *Komponen kognitif* menika adhedhasar saking anggepanipun paraga ingkang nganggep bilih gagasanipun leres miturut Mann (salebeting Syaifuddin 2005:24). Tuladhanipun inggih menika

- O1 : “Kerjaku abot temen.” → gagasan saking pola pikir (*komponen kognitif*)
 O2 : “Lha kepiye meneh?”
 O1 : “Asem, abot tapi gajine sithik.”
 O2 : “Lha iya, terus arep kepiye?”
 O1 : “Arep golek gawean liya.”

Tuladha wonten ing nginggil inggih menika ukara “kerjaku abot temen” kalebet *komponen kognitif* amargi ukara menika dipuntuturaken arupi gagasan. O1 nuturaken bilih ngraosaken pakaryanipun awrat. Saderengipun nuturaken ukara “kerjaku abot temen” menika paraga sampun ngraosaken bilih pakaryanipun awrat saengga wonten *proses pikir* saha nuturaken tuturan ingkang arupi gagasan saking *proses pikir*ipun inggih menika ukara “kerjaku abot temen”.

2. *Komponen afektif*

Komponen afektif inggih menika gegayutan kaliyan sedaya raos ingkang dipunraosaken kaliyan penutur, kadosta raos duka, anyel, seneng kaliyan prastawa saha kawontenan ingkang kadadosan. Makna *sikap* kalawau dipunwastani makna *positif* saha makna *negatif*. *Komponen afektif* menika gegayutan kaliyan emosinipun paraga amargi wontenipun asil saking pola pikir miturut Mann (salebeting Saifuddin, 2005:24). Tuladhanipun inggih menika

O1 : “Kerjaku abot temen,”

O2 : “Lha kepiye meneh?”

O1 : “Asem, abot tapi gajine sithik.” → raos emosi penutur (*komponen afektif*)

O2 : “Lha iya, terus arep kepiye?”

O1 : “Arep golek gawean liya.”

Andharan saking tuladha wonten ing nginggil inggih menika ukara “asem, abot tapi gajine sithik” menika kalebet *komponen afektif* amargi gegayutan kaliyan emosinipun penutur. Saged dipunwaos saking konteks pawicantenanipun bilih penutur anyel amargi kerjanipun abot ananging gajinipun sithik. Emosinipun penutur wonten ing ukara “asem, abot tapi gajine sithik” inggih menika raos anyel.

3. *Komponen konatif*

Komponen konatif inggih menika gegayutan kaliyan tintak tanduk saha unggah ungguh ingkang dados asil saking sedaya ingkang dados putusanipun paraga tertentu saegga paraga siap menawi lair *reaksi* ngatif saking prastawa saha kawontenan kasebat. *Komponen konatif* menika gegayuta kaliyan tindakan ingkang dipunlampahi miturut Mann (salebeting Saifuddin, 2005:27). Tuladhanipun inggih menika

O1 : “Kerjaku abot temen.”

- O2 : “Lha kepiye meneh?”
 O1 : “Asem, abot tapi gajine sithik.”
 O2 : “Lha iya, terus arep kepiye?”
O1 : “Arep golek gawean liya.” → tindakanipun (komponen konatif)

Andharan saking tuladha ing nginggil inggih menika ukara “arep golek gawean liya” kalebet *komponen konatif* amargi ukaranipun menika ingkang dados putusanipun O1. Amargi pakaryanipun awrat saha gajinipun sekedhik saengga penutur mutusaken badhe pados pandamelan sanes.

4. *Komponen Afektif*

Sudaryanto dkk (1982) wonten ing panalitennipun ingkang irah-irahanipun “Kata-kata *Afektif* dalam Bahasa Jawa” ngandharaken babagan nemtokaken tembung-tembung *afektif*. *Tolak* ukur ingkang dipunginakaken kangge nemtokaken tembung *afektif* saha jinising tembung *afektif* boten namung arupi fonem-fonem, nanging ugi gegayutan kaliyan raos manahipun penutur. Salajengipun kangge nemtokaken jinis-jinising tembung *afektif* adhedhasar kaliyan keafektifan basa kangge sistem *referensial* saha wonten keafektifan basa kangge piranti pawicantenan.

Adhedhasar saking kriteria kasebat, Sudaryanto (1988:24-25) ngelompokaken tembung *afektif* dados sekawan tipe, ingkang angka setunggal tipe A inggih menika tembung *afektif* ingkang keafektifannipun kalebet sistem *referensial*, tegesipun keafektifannipun gegayutan kaliyan raosipun manah ingkang asipat alamiyah saha sedaya kemawon prastawa ingkang dipunraosaken dening panca indranipun, tipe B inggih menika tembung *afektif* ingkang keafektifannipun saged dipunpirsani wonten ing pungkasannipun proses

pawicantenan, tipe C inggih menika tembung *afektif* ingkang *keafektifannipun* saged dipunpirsani nalika milainipun proses pawicantenan, saha tipe D inggih menika tembung *afektif* ingkang *keafektifannipun* nalika wonten proses pawicantenan.

Tembung *afektif* tipe A menika kanthi formal *keafektifannipun* dipuntemtokaken amargi wonten proses owahipun fonologis, perluasan saha panambahan. Tuladhanipun wujud tembung lingga “gedhe” wonten owahing suwanten vokal dados “gedhi” saha wonten tambahan vokal kanthi proses diftongisasi dados “guedhe” ingkang teges *keafektifannipun* inggih menika “banget”. Wonten ing nginggil saged dipunwaos bilih *keafektifan* menika ugi nyebabaken wonten owahing makna.

Tembung *afektif* tipe B *keafektifannipun* inggih menika gegayutan kaliyan derajatipun tiyang setunggal kaliyan setunggalipun. Wonten ing tipe B menika saged dipuntingali menawi badhe migunakaken tembung-tembung krama saged migunakaken strategi fonologis, inggih menika nalika micanten boten mangap amba-amba saengga langkung sopan. Kadar *keafektifan* tembung-tembung menika saged keningal sasampunipun wonten reaksi saking mitra tutur.

Tembung *afektif* tipe C menika boten woonten gegayutannipun kaliyan prastawa ingkang dipuntuturaken kaliyan penutur. *Keafektifannipun* gegayutan kaliyan daya lampiyas ingkang dipunraosaken penutur utawi pamicara. Kadhar *keafektifannipun* saged keningal ageng sanget nalika tembung-tembung menika dipuntuturaken kaliyan penuturipun. Tembung *afektif* tipe D saged keningal nalika wonten proses pawicantenan, tegesipun *keafektifannipun* saged keningal saha

dipunpahami nalika wonten pawicantenan antawisipun penutur kaliyan mitra tutur ingkang nggugah raos ing manah.

Saking artikel saha laporan panaliten ingkang sampun wonten namung Sudaryanto ingkang ngandharaken tembung *afektif* pisuhan kanthi jangkep. Ananging andharannipun inggih menika anggenipun nemtokaken ciri formal tembung *afektif* kasebat. Ananging babagan ingkang gegayutan kaliyan sebabipun dipunginakaken tembung-tembung pisuhan menika dereng dipunandharaken kanthi gamblang. Saking bukunipun Sudaryanto menika panaliten gadhah inspirasi badhe ngawontenaken panaliten pisuhan basa jawi. Panaliten menika badhe ngandharaken *referensi* ingkang dipunginakaken paraga kangge nuturaken tuturan ingkang dipunginakaken kangge ngudhar raos emosi wonten manahipun paraga. Panaliten ugi ngandharaken fungsi nuturaken tuturan ingkang kalebet pisuhan. Ancasipun panaliten neliti amargi wonten ing sajroning buku inggih menika kalawarti Djaka Lodhang wonten pisuhan-pisuhan. Bukunipun Sudaryanto namun neliti masyarakat sosial wonten ing papan asalipun.

5. Pisuhan Basa Jawi

Adhedhasar andharan ing nginggil pisuhan ingkang kanthi *sosiolinguistik* kalebet ing jinising “*sikap* marang basa” ingkang kalebet tembung *afektif* wonten ing pisuhan kasebat pamicara ngudhar raos ingkang wonten ing manahipun. Raos ingkang dipunraosaken pamicara saged nglairaken tembung-tembung ingkang suwantenipun nudhuhaken raos duka, raos anyel, reraketan saha raos getun. Miturut Wijana saha Rohmadi (2012:113) amargi raos emosi ingkang dipunraosaken kaliyan penutur kalawau saengga nglairaken pisuhan. Pisuhan

inggih menika tuturan ingkang dipunlairaken saking sikap emosinipun penutur, ingkang arupi tembung-tembung ingkang ateges ala. Kangge paraga ingkang dipisuhi menika ngraosaken bilih dipunserang kaliyan paraga ingkang misuh menawi pisuhan menika dipuntuturaken kangge ngudhar raos duka, anyel, kuciwa, kaget, getun saha nyamah , ananging kangge paraga ingkang misuh menika pisuhan kalebet piranti kangge ndamel manahipun plong. Pisuhan ingkang dipuntuturaken kangge ngudhar raos reraketan, gumun saha bungah menika lawan tutur boten ngraosaken bilih piyambakipun dipunserang, ananging malah saged ngraketaken anggenipun micanten.

Wijana saha Rohmadi (2012:113) kriteria pisuhan basa Jawi inggih menika :

1. tuturan saged dipunsebat pisuhan menika tuturan ingkang dipunginakaken kangge ngudhar raos emosinipun penutur. Tuladhanipun kangge ngudhar raos duka, kuciwa, anyel saha kaget;
2. tuturan saged dipunsebat pisuhan inggih menika tuturan ingkang gadhah teges ala. Tuladhanipun tembung asu, kethek, edan, saha kenthir;
3. tuturan ugi dipunsebat pisuhan nalika gadhah makna ingkang ala ananging dipuntuturaken kangge ngudhar raos reraketan. Pisuhan ingkang dipuntuturaken kangge ngudhar raos reraketan menika dipuntuturaken kangge ndamel suwasana inkang langkung raket.

Lairipun pisuhan saged dipunsebabaken nalika wonten prastawa tertentu utawi dipunsebabaken wontenipun reaksi saking tembung-tembung ingkang dipuntuturaken saking pamicara saderengipun (sudaryanto dkk, 1982:146-152). Pisuhan saged kadadosan amargi wonten prastawa tutur. Pisuhan menika beda

kaliyan tembung kasar. Tembung kasar menika dipuntuturaken fungsipun namung kangge ngudhar raos duka, anyel, kuciwa, getun saha kaget ingkang maknaipun ala, ananging pisuhan dipuntuturaken boten namung kangge ngudhar raos duka, anyel, getun, kuciwa saha kaget kemawon ingkang dipuntuturaken kanthi swanten ingkang sero saha kasar, ananging pisuhan ingkang dipuntuturaken kangge ngudhar raos reraketan, bungah saha gumun menika dipuntuturaken kanthi swanten ingkang sero ananging dipuntuturaken kanthi ngguyu, geguyon saha boten duka, ananging maknaipun tetep ala.

Tuturan saged dipunwastani pisuhan nalika dipungolongaken saking satuan linguistik saha konteks. Satuan lingual inggih menika satuan basa. Satuan basa dipunginakaken kangge nemtokaken tuturan kalebet pisuhan napa boten. Tuturan saged dipunsebat pisuhan inggih menika saking satuan lingual ingkang boten trep dipuntuturaken kangge manungsa. Satuan lingual ugi dipunginakaken kangge nemtokaken *referensi* pisuhan. Tuladhanipun tuturan dipunsebat pisuhan amargi boten trep kangge manungsa inggih menika pisuhan *referensi* kewan tuladhanipun asu, tembung asu boten trep dipuntuturaken kangge nyebataken manungsa. Tuadha ingkang wonten ing salebeting kalawarti Djaka Lodhang inggih menika *referensi* pandamelan. Pandamelan saged dipunsebat pisuhan amargi pisuhan menika gadhah makna ingkang ala saha boten trep dipuntuturaken kangge manungsa, tuladanipun inggih menika

O1: “**Bajingan elek!** Kowe nedya mateni aku ya?apa kowe ora ngerti aku iki sapa?”

O2 : “Ora-ora aku mung nedya mateni. Aku mun nuruti perintahe nduwuran”

Wonten tuladha ing nginggil nalika dipuntingali saking satuan lingualipun kalebet pisuhan amargi tembung bajingan menika gadhah makna ala saha boten trep dipuntuturaken kangge nyebataken manungsa.

Konteks linguistik inggih menika kawontenan ingkang kadadosan nalika wonten proses pawicantenan. wonten ing pisuhan konteks dipunginakaken kangge nemtokaken fungsipun penutur nuturaken pisuhan. Tuladhanipun inggih menika wonten ing salebeting kalawarti Djaka Lodhang

O1 : “Njur acara semuwangene iki sing mbiyayani sapa, terus pemenange pa entuk dhit?”

O2 : “Nggih mesthi onten ta Mbah, ning kula nggih boten ngertos niku”

O1 : “**Gondhez** tenan, tak kiraki ngerti tibake padha wae nol pruthul”

O3 : “Wis raksah kakean nyocot, yuk ndang lungguh, selak dinggoni wong liya. Tur acarane yo wis dibukak kambek sing halo-halo”

Tembung **gondhez** wonten ing nginggil menika saking konteksipun dipuntuturaken kanthi swasana ingkang raket saha santai. Sanajan saking konteksipun boten dipunginakaken kangge ngudhar raos duka, ananging tembung **gondhez** kalebet pisuhan, amargi tembung **gondhez** ingkang gadhah teges ala boten trep dipuntuturaken kangge nyebataken manungsa.

Prastawa tutur inggih menika pawicantenan kanthi sedaya faktor sarta fungsining faktor-faktor kasebat wonten ing pawicantenan. Faktor-faktor ingkang wonten ing prastawa tutur inggih menika:

1. Pamicara (*speaker*)

Pamicara inggih menika paraga ingkang ngandharaken tuturan utawi asring dipunsebat O1. Pamicara menika dados tiyang ingkang gadhah gagasan

ngandharaken menapa ingkang dados topik pawicantenan. Pamicara anggenipun ngendikakaken tuturan menika kepingin pikantuk tanggapan saking O2. Saengga fungsining O1 ngawontenaken pawicantenan menika supaya saged pikantuk tanggapan *negatif* saha *positif*. Tuladhanipun inggih menika

Lik Ngadi (O1) : “Pertanyaanmu memang menggelitik, korupsiiku wis budaya artine wis dilakoni kambek masyarakat Indonesia, nek ora ana utawi rak wani ngorupsi apese cilik-cilikan, tegese belum trendi **kampungan utawi ndesit**. Contone tukang parkir ika, nek ora nyetut setoran berarti belum *memaknai* arti korupsi, malah dianggep lucu mbek langka”

Pardi Parkir (O2): “Nek ngomong ja angger njeplak Lik”

DL: no.02/ XLIII,8 Juni 2013

Saking tuladha ing nginggil ingkang dados pamicara inggih menika O1 Lik Ngadi.

2. Mitra tutur (*hear, reciever*)

Mitra tutur inggih menika paraga ingkang dados lawanipun penutur wonten ing pawicantenan utawi asring dipunsebat O2. O2 menika tugasipun naggapi menapa ingkang dipunandharaken kaliaan pamicara utawi O1. Tanggepanipun O2 menika saged arupi tanggapan *positif* saha *negatif*. Tuadhanipun inggih menika

Lik Ngadi (O1) : “Pertanyaanmu memang menggelitik, korupsi iku wis budaya artine wis dilakoni kambek masyarakat Indonesia, nek ora ana utawi rak wani ngorupsi apese cilik-cilikan, tegese belum trendi **kampungan utawi ndesit**. Contone tukang parkir ika, nek ora nyetut setoran berarti belum *memaknai* arti korupsi, malah dianggep lucu mbek langka”

Pardi Parkir (O2): “Nek ngomong ja angger njeplak Lik”

DL: no.02/ XLIII,8 Juni 2013

Saking tuladha ing nginggil ingkang dados mitra tutur inggih menika O2 Pardi Parkir.

3. Pokok pawicantenan

Pokok pawicantenan inggih menika sedaya kemawon ingkang dados tema ingkang dipunandharaken kaliyan pamicara saha dipuntanggepi kaliyan mitra tutur. Pokok pawicantenan menika asipat sempit, amargi menawi topikipun luas menika pawicantenanipun boten fokus. Tuladhanipun inggih menika

Lik Ngadi (O1) : “Pertanyaanmu memang menggelitik,
korupsi iku wis budaya artine wis dilakoni kambek masyarakat Indonesia, nek ora ana utawi rak wani ngorupsi apese cilik-cilikan, tegese belum trendi **kampung utawi ndesit**. Contone tukang parkir ika, nek ora nyetut setoran berarti belum *memaknai* arti korupsi, malah dianggep lucu mbek langka”

Pardi Parkir (O2): “Nek ngomong ja angger njeplak Lik”

DL: no.02/ XLIII,8 Juni 2013

Wonten ing pawicantenan ing nginggil menika saged dipunwaos bilih topik pawicantenanipun inggih menika tiyang **korupsi ingkang sampun dados budaya**.

4. Papan pawicantenan, saha

Papan pawicantenan inggih menika panggenan ingkang dipunginakaken kangge ngawontenaken pawicantenan antawisipun pamicara kaliyan mitra tuturipun. Papan pawicantenan menika saged langkung saking setunggal papan.

Penutur saged nindakaken pawicantenan kanthi pindah-pindah papanipun.

Tuladhanipun inggih menika

“Ra kok mak. Arep nang omah wae. Yen bapak nggoleki, ngko yen ra ana dikira **klayaban**.”

DL, no.42/ XLIII, 16 Maret 2013

Saged dipunwaos bilih papan pawicantenan ing nginggil inggih menika wonten griyanipun pamicara.

5. Prastawa pawicantenan

Prastawa pawicantenan inggih menika kawontenan ingkang kadadosan nalika proses pawicantenan dipuntindakaken antawisipun penutur utawi pamicara kaliyan mitra tutur. Prastawa menika wonten ingkang ndamel seneng saha ingkang damel sedih, gela, lan sapiturutipun. tuladhanipun inggih menika

“Lhah seneng ya yen bojone mawut-mawut, **sontoloyo** sida dak klethak.”

DL: no. 28/ XLIII, 7 Desember 2013

Kawontenan ingkang kadadosan nalika pawicantenan menika nedhahaken suasana seneng. Pawicantenan menika dipuntuturaken kangge nedhahaken raos reraketan.

Gegayutan kaliyan prastawa tutur kasebat ingkang dipunandharaken, wonten faktor-faktor ingkang nedhahaken wonten napa botenipun prastawa tutur kasebat dipunsingkat *SPEAKING* miturut Dell Hymes (ing Suwito, 1996:39). Faktor-faktor ingkang badhe kaandharaken menika kalebet faktor sanesipun basa. Faktor-faktoripun inggih menika:

1. *Setting and scene* (S)

Setting gegayutan kaliyan papan saha wekdal nalika ngawontenaken pawicantenan. *Scene* inggih menika suasana pawicantenan. Sedaya pawicantenan

ingkang dipuntindakaken kanthi suasana formal utawi informal. Tuladhanipun panggenan, wekdal saha suasana wawan pirembagan. Wonten ing panaliten menika tuladhanipun inggih menika ukara

Jejeg Panigas : “Hiya, hiya aku arep menyang praja Mandakara”

Wirabangsa : “Yen wis tekan andakaraarep apa? ”

Jejeg Paningas : “Elo! Ora perli ngerti. Lha kowe sapa?”

Wirabangsa : “Aku Tumenggung Wirabangsa! Tetindhihing jurit saka Mandakara, kang duwe kewajiban njaga tapel watesing negara.”

Prabu Kurandageni mireng bilih wonten rombonganipun Jejeg Paningas ingkang melbet tapel watesing Mandakara ing wayah awan.

Prabu Kurandageni : “E..e..e..e la dalah! Bojleng bojleng **iblis laknat** padha jegjegan! Patih! Mara dikepara lungguhmu Patih!”

DL: no. 28/ XLIII, 7 Desember 2013

Wonten ing pawicantenan menika papanipun wonten ing tapel watesing Mandakara, wekdalipun awan saha suasanipun duka amargi wonten penyusup.

2. *Participant (P)*

Faktor *participants* gegayutan kaliyan pamicara utawi sedaya paraga ingkang nindakaken proses pawicantenan, inggih menika penutur, mitra tutur, saha pamirsa. Wonten ing *participants*, ingkang gegayutan kaliyan *participant* menika yuswa, pendidikanipun saha sosialipun. Tuladhanipun inggih menika wonten ing wawan pirembagan menika ingkang dados *participants* inggih sedaya anggota utawa paraga wonten ing wawan pirembagan. Tuladha wonten ing panaliten inggih menika:

Garwanipun Layangseta : “Aja nyampuri perkara iki, dakelingke, menawa kuwe nyampuri

perkara iki, bisa salin bubuk, kowe kudu ngadhepi Layangseta”
 Kuda Angin Angin : “Bobo, apa dikira aku blereng karo kuwe, aja ana papan kene. Dak enteni ana alun-alun, dakteter kasudiranmu”
 Layangseta : “**Keparat** kowe kuda angin-angin”

DL: no.02/ XLIII, 8 Juni 2013

Wonten ing wawan pirembagan menika ingkang dados *participants* menika garwanipun, Layangseta saha Kuda Angin Angin.

3. *Ends* (E)

Faktor kasebat gegayutan kaliyan pamrayogi kaliaan fungsining ingkang badhe dipungayuh kaliyan paraga-paraga ingkang nindakaken pawicantenan. Asil saking tanggapan saking pawicantenan ingkang dipuntindakaken. Wonten ing pawicantenan menika tuladhanipun pawicantenan saking O3 .

A (O1): “Njur acara semuwangene iki sing mbiyayani sapa, terus pemenange pa entuk dhit?”
 B (O2): “Nggih mesthi onten ta Mbah, ning kula nggih boten ngertos niku”
 A (O1): “*Gondhez* tenan, tak kiraki ngerti tibake padha wae nol pruthul”
 C (O3): “Wis raksah kakean **nyocot**, yuk ndang lungguh, selak dinggoni wong liya. Tur acarane yo wis dibukak kambek sing halo-halo”

DL, no.35/ XLIII, 26 Januari 2013

Pawicantenan menika dipunasilaken nalika badhe ningali sinden nembang, amargi O1 saha O2 menika ribut, saengga O3 ngendika mekaten.

4. *Act Sequence* (A)

Faktor menika gegayutan kaliyan wujud saha isi tuturan. Tuladhanipun sesorah politik, sesorah agami, pawicantenan padinan, lansaperangannipun. Wacana-wacana ing nginggil boten sami amargi wujud basa saha isi ingkang

dipunandharaken ugi beda. Pawicantenan menika ngandharaken isinipun pesen ingkang badhe dipunandharaken. Tuladhanipun inggih menika pawicantenan

Lik Ngadi : “Pertanyaanmu memang menggelitik, korupsiiku wis budaya artine wis dilakoni kambek masyarakat Indonesia, nek ora ana utawi rak wani ngorupsi apese cilik-cilikan, tegese belum trendi **kampungan utawi ndesit**. Contone tukang parkir ika, nek ora nyetut setoran berarti belum *memaknai* arti korupsi, malah dianggep lucu mbek langka”

Pardi Parkir : “Nek ngomong ja angger njeplak Lik”

DL: no.02/ XLIII,8 Juni 2013

Pawicantenan ing nginggil menika ngrembag babagan politik.

5. Key (K)

Faktor *key* gegayutan kaliyan nada suwanten, caranipun ngendika, kawontenanipun pamicara, saha faktor-faktor emosional sanesipun, ingkang saged nyebabaken wontenipun tekanan wonten ing tuturan menika, kadosta: duka, gugup, remen, sedhih lansapiturutipun. Nalika penutur nuturaken tembung pisuhan menika asringipun nadanipun duka, ananging wonten ugi pisuhan kangge suasana rinaketan. Tuladhanipun inggih menika “Hehehe iya ya Mas, **semprul** iki apa sing marakke coro guedhi sak kucing hehehe.” DL: no.02/ XLIII,8 Juni 2013

Tembung pisuhan **semprul** menika dipuntuturaken kanthi nada ingkang santai amargi dipunginakaken kangge nedhahaken raos rinaketan.

6. Instrumentalities (I)

Faktor ingkang gegayutan kaliyan piranti utawi media saha wujud basa ingkang dipunginakaken kangge nyampekaken tuturan. Media ingkang dipunginakaken kasebat saged awujud lisan, seratan utawi saking piranti telepon.

Ananging wujud basa ingkang gegayutan kaliyan ragam, dialeg, variasi, saha register. Tuladhanipun wonten ing pawicantenan inggih menika:

- A : “We lha wong wis *mlarat* kabunton pepalang bebandan, kok bisa ngluwari dhewe, rak hiya *edan* ta”
 B : “Yoben mlarat kadonyan, nanging sugih santosa ing piandel, nambahi sansaya kendel mantep lumaju ing pagesangan puniki binerkahan ning Gusti Allah”

DL, no.38/ XLIII, 16 Pebruari 2013

Tuladha wonten nginggil ngandharaken bilih pawicantenan menika migunakaken media lisan. Pawicantenan menika dipuntuturaken langsung, boten mawi surat saha radio.

7. *Norm of Interaction* (N)

Faktor kasebat gegayutan kaliyan norma-norma utawi kaidah-kaidah basa ingkang kedah dipunlaksanakaken kaliyan anggotanipun saha tafsiran kaliyan tuturan saking mitra tutur. Tuladhanipun tuturan inggih menika

“Huh, mung kaya mangkono wae diumukake.

“Hehehe iya ya Mas, *semprul* iki apa sing marakke coro dadi guedhi sak kucing”

DL: no.08/ XLIII, 20 Juli 2013

Pisuhan *semprul* menika dipuntuturaken kanthi guyon.

8. *Genre* (G)

Faktor kasebat gegayutan kaliyan wujud-wujud tuturan ingkang dipundinakaken wonten ing pawicantenan, kadosta puisi, paribasan, khotbah, kuliyaah. Tuladhanipun wonten ing panaliten inggih menika ukara

Gurit Pangangen-angen

Sumaryono, S.Pd

.....

Ah ***gombal mukiya!***

Iku tangen lamun kalakyan

Uger maksih ngumbar kamurgan

Tan nggagas uriping liyan

Iki pancin gurit sengit

Ngigit-igit mring pawongan kang nembe ngerit dhuwit

Sandhuwuring tangis pating jlerit

Ngempet rasa kawontenaning urip

Nyaang lintang njlarit

Ngangen-angen owahing nasib

Ora beda jaman nalika urip satehanging panjajahan

.....

DL: no.14/ XLIII,31 Agustus 2013

Wonten ing pisuhan menika dipunpanggihaken wonten ing geguritan.

Pisuhan kanthi *referensial* saged kadadosan saking nama kewan tertemtu, anggotaning basaha tertemtu, pakaryan tertemtu, pangan tertemtu, piranti tertemtu, regetanipun manungsa saha kewan, kawontenan tertemtu memedi, papan, tindakan tertemtu, saha kawontenan ingkang boten trep. Wonten ing gegayutanipun boten gegayutan kanthi langsung kaliyan teges saking tembung-tembung kasebat. Wonten ing prastawa menika wonten tindakan negesi makna ingkang boten trep. Tegesipun makna tembung-tembung kasebat boten dipunginakaken kanthi leres. Keklintuan makna menika dipunandharaken wonten ing metafora.

Miturut Subroto (1989:45) metafora inggih menika salah setunggaling wujud daya kreatif basa wonten ing anggenipun nerapaken makna. Tegesipun, adhedhasar tembung-tembung tertemtu ingkang sampun dipunmangertosi saha adhedhasar saking referen ingkang sami, pamicara saged maringi lambang enggal kaliyan referen tertemtu. Pamarayogi ingkang sami kaliyan Ullmann bilih proses

nglairaken metafora kasebat migunakaken piranti ingkang kita bahas gadhah kemiripan kaliyan piranti ingkang kira bandhingaken. Piranti utawi referen ingkang sepindhah dipunsebat tenor saha piranti utawi referen ingkang salajengipun dipunsebat wahana.

Metafora dipunperang dados 3 jinis (Pateda, 2001:235) , inggih menika:

1. *Metafora antropomorfis (antrophomorphic methaphors)*

Metafora antropomorfis (antrophomorphic methaphors) inggih menika jinising metafora ingkang referennipun adhedhasar saking nama-nama peranganipun piranti utawi perangan manungsa dipunsebat adhedhasar nama perangannipun piranti-piranti sanes saha pandamelan utawi tindakan. Tuladhanipun tembung *gembus*, *gembus* menika makna sejatosipun pangan ingkang dipundamel saking ampas tempe, ananging menawi dipunginakaken kanggemisuh tegesipun dados tiyang ingkang bodho.

2. *Metafora kehewan (animal metaphors)*

Metafora kehewan (animal metaphors) inggih menika metafora ingkang referennipun saking kewan-kewan. Lairipun referen menika adhedhasar saking kewan amargi sedaya sipattipun ingkang dipunkembangaken kaliyan paraga tertentu ingkang gadhah sipat kadosta kewan. Tuladhanipun inggih menika *kadal*. *Kadal* makna sejatosipun inggih menika kewan *melata* ananging menawi dipunginakakn kangge misuh maknanipun owah dados tiyang ingkang pinter mblidhuki.

3. *Metefora sinaetetic (synaesthetic methapors)*

Metefora sinaetetic (synaesthetic methapors) inggih menika metafora ingkang dipunlairaken adhedhasar saking indera. Tuladhanipun inggih menika indra pangraos, pamireng, paningal, lan sapiturutipun. Tuladhanipun inggih menika pisuhan tembung *budheg*, *budheg* menika dipunasilaken saking indra pamireng.

Tembung pisuhan ingkang asalipun saking tembung kriya utawi verba “misuh” tegesipun ngendika tembung-tembung ingkang boten sae saha kasar kangge ngudhar raos duka utawi anyel. Tembung-tembung kasar tegesipun boten sopan, ala tegesipun (ngrendhahaken, boten sopan) saha tembung-tembung ingkang saru utawi boten trep kaliyan norma keasusilaan. Saengga paraga ingkang misuh, tegesipun ngendika tembung-tembung ingkang boten sopan saha boten trep kaliyan norma-norma keasusilaan amargi tembung-tembung kasebat boten

asring dipunginakaken wonten ing pawicantenan ingkang formal, ananging namung dipunginakaken kangge ngudhar raos duka, anyel saha kuciwa.

Miturut Sudaryanto dkk (1982:146-152) pisuhan dipunbedakaken dados 2 jinis, inggih menika tipe pisuhan I ingkang kadadosan amargi sipat *nonlingual* saha tipe II ingkang kadadosan amargi sipatipun *lingual*. Pisuhan tipe I gegayutan kaliyan tindak tanduk paraga utawi prastawa tertemtu ingkang nglairaken tanggapan tertemtu kangge pambicara, salajengipun tipe II lair amargi reaksi saking tembung-tembung ingkang dipunandharaken kaliyan pamicara saderengipun. Sengga pisuhan kalebet tembung *afektif* ingkang kadar *keafektifannipun* sampun ketingal nalika pamicara ngendika tembung-tembung menika. Kadar *keafektifannipun* sampun ketingal nalika proses komunikasi dipunmilai.

Fungsipun pisuhan wonten ing panaliten menika pikantuk *referensi* saking fungsipun basa miturut Jacobson (ing Abdul haer sala Leonie Agustina 2004:15-17)

1. Fungsi emotif inggih menika penutur ngudhar raos sedaya ingkang dipunraosaken wonten ing manahipun, penutur boten namung ngudhar raos mawi basa nanging ugi mawi nada tuturanipun. Wonten ing pisuhan dipunginakaken kangge ngudhar raos duka, anyel, kuciwa, getun, nyamah, kaget saha nyindhir.
2. Fungsi retorikal inggih menika basa dipunginakaken kangge merintah supados mitra tutur ngelampahi menapa ingkang dipunperintahaken penutur.
3. Fungsi fatik inggih menika kangge kekancan supaya langkung raket. Wonten ing pisuhan kangge ngudhar raos reraketan, keduwung.
4. Fungsi kognitif inggih menika basa dipunginakaken kangge ngrembag prastawa ingkang kadadosan kaliyan penutur. Tuladha fungsi pisuhan menika dipunginakaken kangge ngudhar raos bungah.
5. Fungsi metalingual inggih menika basa dipunginakaken kangge ngrembag masalah basa.
6. Fungsi poetic speech inggih menika basa dipunginakaken kangge ngandharaken gagasan ingkang nyata saha ingkang dados *imajinasi*.

Pisuhan wonten ing panaliten menika tegesipun inggih menika wujudipun tuturan ingkang arupi tembung-tembung ingkang boten sae, saru saha kasar, inggih menika tembung-tembung ingkang dipunraosaken boten trep saengga saged nglairaken raos boten remen, tembung-tembung ingkang dipunraosaken boten trep kaliyan norma keasusilaan, boten sae sanget utawi boten sopan. Tembung-tembung menika kanthi semantik nedhahaken kewan ingkang gadhah sipat elek, kewan tertemtu ingkang dipunraosaken gadhah watak ala, istilah kulawarga tertemtu, pakaryan tertemtu saha piranti-piranti tertemtu ingkang sedayanipun dipunanggep gadhah sipat ingkang ala. Tembung-tembung kasebat asring dipunginakaken kangge ngudhar raos duka, anyel, kuciwa saha getun. Pisuhan wonten ing panaliten menika badha ngandharaken tigang komponen, inggih menika :

1. *Referensi* pisuhan basa Jawi wonten ing salebeting kalawarti Djaka Lodhang edisi Januari-Desember 2013

Referensi inggih menika kawontenan saha piranti ingkang dipunginakaken kangge nuwuhaken pisuhan. *Referensi* menika lair saking kemampuan manungsa anggenipun ngidentifikasi sedaya kemawon ingkang saged dipunginakaken kangge *referensi*. *Referensi* pisuhan dipunperang dados 8 jinis. Andharan saking *referensinipun* pisuhan badha kaandharaken wonten ing ngandhap menika:

a. *Referensi* Kewan

Kewan inggih menika salah satunggaling piranti ingkang gesang, sanesipun manungsa saha wit-witan. Kewan wonten ingkang dipunginakaken

kangge *referensi* pisuhan. Boten sedaya jinising kewan dipunginakaken kangge misuh, kewan ingkang dipunginakaken kangge misuh menika kewan ingkang gadhah sipat ala (Wijana saha Rohmadi, 2012:120). Tuladhanipun kewan ingkang dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan inggih menika *asu, bunglon, jangkrik, kadhal, celeng, kethek*. Kewan ingkang dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan inggih menika kewan ingkang ala sipatipun.

b. *Referensi* Pandamelan

Referensi pisuhan ingkang salajengipun inggih menika pandamean. Pandamelan menika dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan amargi wonten pandamelan ingkang asipat *negatif*. Pandamelan ingkang *negatif* menika dipunanggep boten sae. Pandamelan menika saged ngrugekaken manungsa sanesipun. Tuladhanipun inggih menika *maling, bajingan, gondhes*.

c. *Referensi* Piranti

Referensi pisuhan ingkang salajengipun inggih menika piranti. Piranti menika saged dipundinakaken kangge *referensi* pisuhan amargi piranti menika dipunanggep gadhah *nilai* ingkang boten awrat. Tuladhanipun inggih menika *gombal mukiya, ember, gombal amoh*. Piranti menika dipunanggep reged sahingga dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan.

d. *Referensi* Regetaning manungsa saha kewan

Referensi pisuhan ingkang salajengipun inggih menika reregetanipun manungsa saha kewan. Nalika dipuntingali saking jinisipun *referensi* pisuhan regetaning manungsa saha kewan kalebet ingkang bpten sae. Regetan menika

gadhah wujud ingkang damel *jijik*, ingkang ambunipun boten wangi. Tuladhanipun inggih menika *telekmu, bathangmu*.

e. *Referensi Kawontenan*

Referensi pisuhan ingkang salajengipun inggih menika kawontenan. Kawontenan ingkang dipundadosaken kangge *referensi* pisuhan menika kawontenan ingkang kirang sae dipunraosaken. Kawontenan menika sejatosaken boten dipingin kaliyan manungsa. Tuladhanipun inggih menika *edan, kebluk*, lan sapiturutipun. Saking tuladha kalawau saged dipuntingali bilih kawontenan menika boten sae.

f. *Referensi Memedi*

Referensi pisuhan ingkang salajengipun inggih menika memedi. Memedi menika gadhah sipat ingkang ala saha jahat. Memedi asring ngujuk-ngujuki manungsa supaya ngelampahi tindakan saha pandamelan ingkang saged nyebabaken dosa. Manungsa ingkang gadhah sipat ingkang ala menika sami kaliyan memedi. Memedi menika kaebet pisuhan ingkang kasar sanget. Paraga ingkang migunakaken pisuhan *referensi* memedi menika paraga ngraosaken raos duka.

g. *Referensi Papan asal*

Referensi pisuhan ingkang salajengipun inggih menika papan asal. Papan asal ingkang dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan menika papan ingkang dipunanggap tasih dereng maju utawi ndeso. Papan ingkang dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan menika papan ingkang masyarakatipun tasih dereng *modern*. Tuladhanipun kadosta *wong gunung, bocah ndesa*.

h. *Referensi* Tandakan tertemtu

Referensi pisuhan ingkang salajengipun inggih menika tindakan tertemtu. Tindakan ingkang dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan menika tidakan ingkang boten sae. Tindakan menika dipunanggep boten sopan saha boten trep. Wonten ing prastawa menika, tindakan ingkang dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan dipunanggep boten trep dipunlampahi manungsa ingkang gadhah akal. Tindakan menika dipunjumbuhaken kaliyan tindakanipun kewan. Tuladhanipun kadosta *nyocot, klayaban, minggat*, lan sapiturutipun.

2. Fungsipun pisuhan basa Jawi wonten ing salebeting kalawarti Djaka Lodhang edisi Januari-Desember 2013

Fungsipun pisuhan basa Jawi menika saged dipuntingali saking konteks pawicantenipun. Pamicara anggenipun migunakaken pisuhan wonten ing proses pawicantenan menika sampun mesti wonten fungsipun. Fungsipun pisuhan basa Jawi wonten ing salebeting kalawarti Djaka Lodhang edisi Januari-Desember 2013 inggih menika dipunperang dados 10 jinis inggih menika:

a. Pisuhan ingkang fungsipun kangge sarana nedhahaken raos duka

Pisuhan saged dipunginakaken kangge sarana nedhahaken raos duka penutur. Duka inggih menika raos ingkang nedhahaken situasi boten remen amargi wonten paraga ingkang tindak tandukipun boten sae saha boten trep kaliyan tata krama saengga nyebabaken penutur ngraosaken raos ingkang boten sae wonten ing mahanipun (Moeliono, 1988:559). Miturut Suharso saha Ana Retnoningsih (2008:349) duka inggih menika sikap ingkang boten remen kaliyan paraga sanes. Nalika paraga tertemtu ngraosaken raos duka, manungsa boten

saged mikir bab-bab ingkang sae, saengga saged nuturaken ukara utawi tembung ingkang *tabu* inggih menika misuh(Rakhmat, 2000:58). Nuturaken tembung utawi ukara ingkang ala tegesipun micanten migunakaken tembung-tembung ingkang boten sopan, micanten migunakaken tembung-tembung ingkang boten trep. Pisuhan ingkang nggambaraken raos duka, tuladhanipun inggih menika *keparat*, *celeng*, *mboyak*, lan sapiturutipun.

b. Pisuhan ingkang fungsipun kangge sarana nedhahaken raos anyel

Pisuhan saged nggambaraken raos anyel penuturipun. Anyel utawi mangkel inggih menika raos boten remen wonten ing manahipun ingkang campur kaliyan bosen amargi paraga sanes goroh saha boten saged dipunpicados (Suharso saha Ana Retnoningsih, 2008:289). Nalika salah satunggaling paraga mangertosi bilih paraga sanesipun goroh, saengga paraga ingkang dipungerohi menika asring ngraosaken raos anyel. Wujud raos anyel menika asring dipunwujudaken kanthi pisuhan. Nalika paraga ngraosaken raos anyel paraga sampun boten saged mbedakaken tembung ingkang sae saha tembung ingkang sejatosipun boten trep. Wonten ing kawontenan menika saged lair pisuhan. Tuladhanipun inggih menika *kenthir*, *bocah*, *edan*,lan sapiturutipun. Pisuhan ingkang fungsipun kangge sarana nedhahaken raos kuciwa

c. Pisuhan saged nggambaraken raos kuciwa saking paraga tertentu.

Kuciwa inggih menika raos putus asa, boten remen, saha boten puas amargi gegayutannipun boten saged kalaksanan (Moeliono, 1988:402). Miturut Suharso saha Ana Retnoningsih (2008:280) kuciwa inggih menika raos ingkang boten puas utawi boten remen amargi gegayutannipun boten kasil utawi cacat.

Raos kuciwanipun paraga tertemtu asring dipungambaraken kanthi tuturan ingkang kasar utawi misuh. Pisuhan ingkang nedhahaken raos kuciwa menika kathah sanget wujudipun. Ananging kangge mangertosi bilih pamicara menika misuh amargi ngraosaken raos kuciwa saged dipunpirsani saking intonasi, nada saha pamilihan tembung pisuhannipun, tuladhanipun kadosta *rupaku, mlarat, edan*, lan sapiturutipun.

d. Pisuhan ingkang fungsipun kangge sarana nedhahaken raos getun

Getun inggih menika raos boten kepenak amargi sampun nindakaken pakaryan, pandamelan utawa prastawa ingkang boten sae, tuadhanipun menawi sampun mbujuki tiyang sanes utawi sampun ndamel tiyang sanes duka saha ndamel tiyang sanes ngraosaken raos ingkang boten kepenak wonten manahipun. Nalika manungsa sampun sadhar kaliyan kalepatannipun saha ngraosaken raos getun kaliyan kalepatan ingkang sampun dipunlampahi, adhatipun manungsa menika nyalahaken tindakannipun piyambak. Raos getun menika asring dipunlampiasaken kanthi nuturaken tembung pisuhan. Saengga pisuhan saged nggambaraken raos getun saking penutur tertemtu. Pisuhan ingkang dipuntuturaken menika beda kaliyan pisuhan kangge nggambaraken raos duka, anyel saha kuciwa. Ingkang saged mbedakaken inggih menika nada, intonasi, dhuwur cendhakipun suwanten saha ekspresinipun pasuryan, tuladhanipun inggih menika *goblok, edan*.

e. Pisuhan ingkang fungsipun kangge sarana nedhahaken raos keduwung

Fungsining pisuhan ingkang salajengipun inggih menika pisuhan kangge nedhahaken raos keduwung kaliyan paraga utawi prastawa tertemtu nalika

penutur mirsani paraga utawi prastawa tertemtu saha mirengaken prastawa tertemtu. Paraga ingkang mirsani bab-bab tertemtu ingkang aneh utawi boten saged dipunnalar kaliyan akal manungsa saengga manungsa ngraosaken raos keduwung. Raos keduwung ingkang dipunraosaken wonten ing manahipun penutur boten sadhar bilih penutur ngendikakaken tembung-tembung tertemtu ingkang kalebet wujudipun pisuhan. Ananging pisuhan ingkang fungsipun dipunginakaken kangge ngudhar raos keduwung menika sejatosipun beda sanget kaliyan pisuhan ingkang dipunginakaken kangge nedhahaken raos duka, anyel, kuciwa saha getun. Pisuhan ingkang dipuginakaken kangge ngudhar raos keduwung menika sampun jelas beda anggenipun penutur nuturaken pisuhan menika. tuladhanipun kados ta *edian*, *wong gunung*.

f. Pisuhan ingkang fungsipun kangge sarana nedhahaken raos nyamah

Nyamah inggih menika raos nggampangaken pakaryan utawi paraga sanes (Moeliono, 1988:308). Nyamah menika sipat utawi pandamelan ingkang boten sae amargi paraga ingkang nyameh menika asring boten ngurmati paraga sanes. Awit saking mekaten pandamelan nyamah menika sejatosipun kedah dipunilangaken. Nyamah seged kadadosan amargi penutur boten remen kaliyan tuturan saha tindak tanduk paraga sanes, saengga penutur saged nuturaken tembung-tembung arupi pisuhan. Sami kaliyan ingkang sampun dipunandharaken wonten ing fungsining pisuhan-pisuhan ing nginggil bilih pisuhan menika saged kadadosan saking tembung ingkang sami ananging fungsipun beda. Semanten ugi pisuhan ingkang fungsipun kangge ngudhar raos nyamah ugi saged kadadosan saking tembung ingkang sami ananging fungsipun beda kaliyan

fungsining pisuhan ingkang dipungimakaken kangge ngudhar raos duka, anyel, kuciwa, getun, saha keduwung. Gumantung kaliyan nada, logat, intonasi, dhuwur cendhekipun suwanten saha pasuryanipun pamicara, tuladhanipun inggih menika *goblog*, *bocah bodho*, lan sapiturutipun.

g. Pisuhan ingkang fungsipun kangge sarana nedhahaken raos reraketan

Raket inggih menika raos cerak antawisipun paraga setunggal kaliyan paraga sanesipun (Moeliyono, 1988:336). Tiyang ingkang sampun raket antawisipun paraga setunggal saha paraga setunggalipun menawi pawicantenan menika sampun boten migunakaken basa ingkang resmi ananging asring migunakaken basa ingkang kasar saha boten migunakaken tadhang aling-aling. Reraketan wonten ing pasrawungan saged dipungambaraken mawi tembung-tembung ingkang boten formal tuladhanipun pawicantenan wonten ing kucingan asring dipun panggihi tembung saha ukara ingkang asipat pisuhan, pisuhan dipunginakaken wonten ing pawicantenan menika supados situasinipun langkung raket.

Nalika sampun manggihi suasana ingkang raket antawisipun paraga setunggal kaliyan paraga sanesipun boten ngraosaken raos sungkan amargi status sosial ingkang boten sami antawisipun paraga setunggal kaliyan paraga sanesipun. Paraga ingkang migunakaken tembung-tembung ingkang awujud pisuhan ingkang fungsipun kangge nedhahaken raos raket wonten ing pawicantenan menika sejatosipun paraga ingkang sampun kekancan suwe. Pisuhan ingkang dipunginakaken kangge nedhahaken raos raket menika boten dipunanggep kasar kaliyan mitra tuturipun. Pawicantenan menika sampun

dipunanggep biasa. Pisuhan ingkang nedhahaken raos raket menika ugi beda kaliyan pisuhan kanthi fungsi sanessipun, tuladhanipun inggih menika *nyocot*, *kebluk*, *criwis*, lan sapiturutipun.

h. Fungsipun kangge ngudhar raos bungah

Bungah inggih menika raos seneng wonten ing salebeting manah (Poerwadarminta, 1939:53). Nalika paraga ngraosaken raos bungah, paraga ugi saged nuturaken tuturan pisuhan. Pisuhan ingkang dipuntuturaken menika tetep gadhah teges ingkang ala ananging nadanipun tuturan boten duka. Pisuhan ingkang dipuntuturaken kanthi raos bungah menika biasanipun pisuhan dipunginakaken kangge misuhi paraga ingkang sampun damel masalah kaliyan paraga ingkang misuh ananging boten kasil.

i. Pisuhan ingkang fungsipun kangge ngudhar raos kaget

Raos kaget inggih menika raosing manang ingkang owah dadakan, amargi wonten prastawa ingkang boten dipunangen-angen saged kadadosan (Poerwadarminta, 1939:179). Wonten ing prastawa padintenan, raos kaget asringipun nuwuhaken emosi. Pisuhan ingkang dipuntuturaken kanthi raos kaget menika pisuhanipun kaandharaken kanthi *reflek*. Raos kaget menika pungkasanipun saged nuwuhaken raos enggal, kadosta duka, anyel, ananging ugi saged nuwuhaken raos bungah. Pisuhan ingkang asring dipuntuturaken nalika kaget inggih menika pisuhan *kurang ajar*. Pisuhan menika asring dipuntuturaken nalika kaged amargi paraga ingkang damel kaget dipunanggep tindak tandukipun boten trep saha boten sae.

j. Pisuhan kangge nyindhir

Nyindhir inggih menika tindakanipun paraga nuturaken tembung ingkang fungsipun kangge paraga ingkang dipunsindhir ananging biasanipun dipuntuturaken kaliyan tiyang sanes Suharso saha Ana Retnoningsih (2008:474). Nyindhir saged dipuntuturaken kanthi guyon saha duka. Paraga anggenipun nyindhir menika ugi asring migunakaken tembung ingkang kalebet pisuhan.

B. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh inggih menika tesis ingkang irah-irahanipun *Makian dalam Bahasa Jawa* anggitanipun Sri Wahono Saptomo. Panaliten menika arupi tesis taun 2001. Panaliten menika migunakaken basa Indonesia. Sri Wahono Saptomo migunakaken panaliten menika kangge syarat lulusipun S2 linguistik UGM. Panaliten menika ingkang dados objekipun inggih menika masyarakat Jawi (Jawi Tengah, Jawi Timur Jawi Barat saha DIY) utawi sedaya masyarakat ingkang mingunakaken basa Jawi. Panalitenipun Sri Wahono Saptomo wonten ingkan beda kaliyan panaliten menika. Bedanipun inggih menika objekipun saha wujudipun basa.

Bedanipun inggih menika panalitennipun Saptomo menika ngandharaken ugi wujudipun pisuhan ingkang dipunandharaken kanthi morfologis. Wonten ing sekripsi kula boten ngandharaken wujudipun pisuhan kanthi morfologisipun amargi ingkang kula telmenika babagan *sosiolinguistik*, saengga kula boten ngandharaken babagan morfologi. Panalitenipun Saptama saged dipunginakaken kangge *referensi* ngawontenaken panaliten menika.

C. Nalaring Pikir

Sosiolinguistik menika *cabang linguistik* ingkang dayani bilih bahasa menika gegayutan kaliyan masyarakat ingkang migunakken basa, amargi manungsa gesang boten asipat *indiviu* ananging asipat *sosial*, saengga mbetahaken basa kangge *komunikasi*. *Ranah sosiolinguistik* menika wonten variasi basa. Salabeting variasi basa menika wonten *komponen afektif*. *Komponen afektif* menika ngandharaken babagan raosipun penutur, raos *negatif* saha *positif*. Raos *negatif* ingkang dipunraosaken penutur menikandayani lairipun pisuhan. Ananging raos *positif* ugi saged nglairaken pisuhan.

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Jinising panalitenipun inggih menika panaliten *deskriptif*. Panaliten deskriptif menika nggambaraken *fakta-fakta* kanthi boten mbiji salah menapa leresipun, ananging ngandharaken menapa wontenipun (Sudaryanto, 1988: 62). Prakawis ngengingi pisuhan basa Jawi ingkang dipunandharaken wonten ing panaliten inggih menika *referensi* saha fungsipun pisuhan ingkang wonten ing salebering kalawarti Djaka lodhang edisi Januari dumugi Desember 2013.

B. Data saha Sumber data

Data ingkang dipunkempalaken wonten ing panaliten inggih menika data pisuhan ingkang arupi *referensi* pisuhan ingkang dipunpikantuk saking satuan lingualipun tembung pisuhan ingkang sampun kaandharaken wonten ing nginggil menapa kemawon ingkang dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan. Data ingkang kaping kalih inggih menika pisuhan ingkang dipunginakaken kangge nedhahaken fungsipun pisuhan ingkang dipunpikantuk saking konteks pawicantenanipun.

Sumber datanipun inggih menika saking kalawarti Djaka Lodhang. Sumber datanipun namung kalawarti Djaka Lodhang edisi Januari dumugi Desember 2013 ingkang dipunginakaken kangge sumberipun. Ancasipun inggih menika sumberipun kalawarti Djaka Lodhang amargi panyeratannipun migunakaken basa Jawi saha wonten ing kalawarti Djaka Lodhan mliginipun

rubrik ingkang wonten *konflik* cariyosipun panyeratanipun asring nyerataken tembung pisuhan kangge sarana nedhahaken raos emosi, bungah, nyamah saha wonten ugi kangge raos reraketan. Rubrik wonten ing kalawarti Djaka Lodhang inggih menika wonten 50 rubrik, ananging rubrik ingkang dados sumber datanipun namung 12 rubrik, amargi rubrik ingkang pawicantenanipun wonten tembung pisuhanipun menika namung rubrik ingkang wonten *konflik* cariyosipun. Pisuhan dipunginakaken kangge ndamel *konflik* cariyos langkung cetho. Rubrikipun inggih menika :

1. Rubrik pagelaran

Rubrik pagelaran wonten ing kalawarti Djaka lodhang biasanipun wonten ing kaca 8. Rubrik pagelaran menika isinipun skenario cariyos ingkang dipunserat kaliyan pengirim. Wonten ing sajroning kalawarti Djaka Lodhang menika rubrik pagelaran wonten pisuhan amargi wonten rubrik pagelaran menika isinipun cariyos ingkang wonten konflikipun.

2. Rubrik jagading lelembut

Rubrik jagading lelembut wonten ing kalawarti Djaka Lodhang biasanipun wonten ing kaca 14-15. Rubrik jagading lelembut isinipun inggih menika cariyos mistik. Wonten ing sajroning rubrik jagading lelembut dipunpanggihaken pisuhan ugi amargi ngandharaken cariyos ingkang wonten konflikipun.

3. Rubrik padhalangan

Rubrik padhalangan wonten ing kalawarti Djaka Lodhang biasanipun wonten ing kaca 16-17. Rubrik padhalangan menika isinipun cariyos-cariyos

ingkang dipunginakaken kangge ndalang. Wonten ing rubrik padhalangan menika wonten konflik saengga asring dipunpanggihi pisuhan.

4. Rubrik cariyos rakyat

Wonten ing sajroning kalawarti Djaka Lodhang, rubrik cariyos rakyat wonten ing kaca 18-19. Wonten ing sajroning rubrik cariyos rakyat dipunpanggihi pisuhan basa Jawi amargi wonten konflikipun, panyerat asring nyerataken tembung pisuhan ing konflikipun. Rubrik cariyos rakyat menika isinipun cariyos-cariyos rakyat wonten ing wilayah-wilayah ing Indonesia.

5. Rubrik cariyos cekak

Rubrik cariyos rakyat asring dipunpanggiaken wonten ing sajroning kalawarti Djaka Lodhang ing kaca 20-21. Wonten ing sajroning rubrik cariyos rakyat dipunpanggihi pisuhan amargi wonten ing sajroning rubrik menika wonten konflik. Rubrik cariyos cekak isinipun inggih menika cariyos ingkang dipunciptakaken pengirim ingkang arupi imajinasi saha prastawa nyata.

6. Rubrik wacan bocah

Rubrik wacan bocah dipunpanggiaken wonten ing sajroning kalawarti Djaka Lodhang kaca 22-23. Wonten ing rubrik wacan bocah menika dipunpanggihi pisuhan basa Jawi amargi isinipun menika cariyos ingkang wonten konflikipun.

7. Rubrik geguritan

Rubrik geguritan asringipun dipunpanggiaken wonten ing sajroning kalawarti Djaka Lodhang ing kaca 25. Wonten ing sajroning rubrik geguritan menika dipunpanggihi pisuhan basa Jawi amargi geguritan menika kalebet puisi

Jawa ingkang dipunserat kaliyan penuis kangge nyerataken menapa kemawon ingkang wonten ing sajroning pikiranipun penulis, dipunginakaken ugi kangge ngiritik bidang sosial, polirik, budaya lan sapiturutipun.

8. Rubrik semarangan

Rubrik semarangan asringipun dipunpanggihi wonten ing sajroning kalawarti Djaka Lodhang kaca 28. Wonten ing sajroning kalawarti semarangan menika dipunpangguhaken pisuhan basa Jawi. Rubrik semarangan menika isinipun pengalaman pribadi ingkang dipunserataken kaliyan penulis.

9. Rubrik oh lelakon

Rubrik oh lelakon menika asring dipunpanggihi wonten ing sajroning kalawarti Djaka Lodhang kaca 34 utawi 35. Wonten ing rubrik oh lelakon dipunpanggihi pisuhan basa Jawi. Rubrik oh lelakon menika isinipun lelakonipun manungsa.

10. Rubrik pangalamanku

Rubrik pangalamanku asringipun dipunpanggihi wonten ing sajroning kalawarti Djaka Lodhang kaca 34 utawi 35. Rubrik pangalamaku menika isinipun pengalaman pribadinipun penulis ingkang ngirim tulisan, wonten ing rubrik menika dipunserataken pisuhan basa Jawi kangge ngudhar raos ingkang wonten ing manahipun penulis.

11. Rubrik cariyos gambar

Rubrik cariyos gambar menika dipunpangguhaken wonten ing sajroning kalawarti Djaka Lodhang wonten ing kaca 49. Cariyos gambar menika cariyos

ingkang arupi pawicantenan ingkang dipuncariyosaken mawi gambar. Wonten ing sajroning rubrik cariyos gambar ugi dipunpanggiaken pisuhan basa Jawi.

12. Rubrik gojeg utawi guyon

Rubrik gojeg utai guyon asringipun dipunpanggihi wonten ing sajroning kalawarti Djaka Lodhang wonten ing kaca 49. Rubrik guyon utawi gojek menika kados komik cariyos-cariyos guyon. Wonten ing sajroning cariyos gojek utawi guyon ugi dipunpanggiaken pisuhan basa Jawi.

C. Wekdal Panaliten

Panaliten dipunwiwiti tanggal 1 Okrober 2013 dumugi tanggal 4 Desember 2013. Panatiten kasebat dipunwiwiti saking ngempalaken kalawarti Djaka lodhang edisi Januari dumugi Desember 2013. Salajengipun dipunteliti saha dipunpadosi tembung, frasa saha ukara ingkang nedhahaken pisuhan basa Jawi. Tanggal 4 Desember 2013 datanipun dipunwastani sampun jangkep. Salajengipun saking data ingkang dipunkempalaken menika dipunginakaken kangge nyusun panaliten menika.

D. Cara Ngempalaken Data

Populasi wonten ing panaliten inggih menika sedaya tuturan ingkang arupi panyratan tembung-tembung saha ukara ingkang ngandhut unsur pisuhan. Sampelipun inggih menika pisuhan wonten ing kalawarti Djaka lodhang edisi Januari dumugi Desember 2013. Ukara-ukara wonten ing kalawarti Djaka lodhang menika dialekipun kathah ingkang migunakaken dialek Yogyakarta saha Surakarta ananging ugi wonten ingkang migunakaken basa Jawi timuran.

Data dipunkantuk saking kalawarti basa jawa Djaka lodhang edisi Januari dumugi Desember 2013. Data ingkang dipunasilaken salajengipun langsung dipunserat wonten ing kartu data.

Sasampunipun data pisuhan dipunkempalaken salajengipun data dipunkelompokaken adhedhasar saking jinising *referen* ingkang dipunacu saha ancasipun migunakaken pisuhan. Cara neliti datanipun inggih menika migunakaken teknik maos ingkang dipunwaos wongsal-wangsul saha catat.

E. Instrumen Panaliten

Data ingkang dipunkempalaken dipunserat wonten ing instrumen panaliten ingkang arupi kartu data. Kartu data dipunginakaken kangge nggampilaken anggenipun ngelompokaken data.

Tabel 1. Tuladhanipun kartu data

Tuladha tuturan pisuhan	“Wis rak sah kakean <i>nyocot</i> , yuk ndang lungguh, selak dinggoni wong liya”
<i>Referens</i> ipun pisuhan	Wonten owahing <i>referen</i> , inggih menika saking lingga <i>cocot</i> kalebet peranganipun badan, ananging nalika sampunpikantuk ater-ater <i>ny referens</i> ipun owah dados tindakan tertentu.
fungsinipun pisuhan	fungsinipun pisuhan menika ngandharaken raos reraketan, fungsinipun pisuhan menika saged dipuntingali saking konteks

Tabel Salajengipun

	fungsinipun pisuhan menika ngandharaken raos reraketan, fungsinipun pisuhan menika saged dipuntingali saking konteks pawicantenanipun, penutur nalika nuturaken pisuhan menika nadhanipun santai amargi pisuhan menika dipungendikakaken kaliyan kanca kangge raos reraketan reraketan
Sumber	Sumberipun inggih menika DL, no.35/ XLIII, 26 Januari 2013

F. Analisis Data

Cara nganalisis *data* ingkang dipunginakaken inggih menika cara *kontekstual*. Panaliti ngelompokaken pisuhan kanthi cara micantenipun. Bilih

pisuhan menika boten namung dipuntuturaken kangge ngudhar raos duka kemawon, ananging pisuhan ugi dipuntuturaken kangge ngraketaken pasrawungan. Pisuhan ingkang dipuntuturaken kanggengraketaken pasrawungan menika dipuntuturaken kanthi guyon saha boten gelakake manahipun paraga sanes Titikanipun pisuhan inggih menika.

1. Nyerikaken manah.
2. Saged damel paraga sanes ajrih.
3. Saged damel paraga sanes getun.
4. Saged damel pasrawungan langkung raket.

Cara nganalisis *data* ingkang wonten ing panaliten saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

1. *Kategorisasi*, inggih menika *data* dipunpantha-pantha saha dipunidentifikasi adhedhasar *referensi*, saha fungsi migunakaken pisuhan.
2. Wujuding pisuhan basa Jawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenanipun kangge nganalisis fungsi migunakaken basa Jawi pisuhan, saha dipungayutaken kaliyan satuan lingual kangge nganalisis *referensi* pisuhan.
3. *Tabulasi*, inggih menika ngandharaken *data* ingkang dipuntliti wonten ing *tabel*.
4. Ngandharaken asiling nganalisis *data* lajeng saking asiling menika saged dipunpendhet dudutanipun.

Tabel 2. Tabel analisis data

No	Data Pisuhan	Referensi	Fungsi	Indikator	Katrangan
1	2	3	4	5	6
	O1: “Bojleng-bojleng pasarot bangkong celeng gembeles. Togog? Lagi wae para yeksa pada pisah kalawan ditya kala pragalba, bingung dene nggone ngupadi Dewi Srenggini durung antuk damar, teka iki ana satriya bagus kang andon lampah, piye Gog?” O2: “Hayo ndang ditakoni. Sapa kekasihe lan nang ndi punangkane!” DL, no.35/ XLIII, 26 Januari 2013	Kewan	Ngudhar raos duka	S:pawicantenan wonten ing pertapaanipun Eyang Abiyasa P:peranganing pawicantenan: O₁:EyangAbiyasa O₂: Togog E:ancasing pawicantenan: duka amargi wonten tuyang asing daten boten sopan wonten pertapaan A: O₁:pambuka pawicantenan O₂:ingkang nanggepi K:kanthi swanten ingkang kebak duka saha kasar I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubrik padhalangan N: pawicantenan kamirengaken kados saut-sautan, saha bisik-bisik G:jinising pawicantenan inggih menika pawicantenan kangge ngudhar raos duka	Pisuhan celeng menika saking <i>referensi</i> kewan saha dipuntuturak en kangge ngudhar raos duka saking konteksipun O1 duka amargi wonten paraga ingkang boten dipunkenal ingkang melbet wonten pertapaan

Jejeg Paningas : “Elo! Ora perli ngerti. Lha kowe sapa?”

Wirabangsa : “Aku Tumenggung Wirabangsa!
Tetindhing jurit saka Mandakara,
kang duwe kewajiban njaga tapel
watesing negara.”

Prabu Kurandageni mireng bilih wonten rombonganipun Jejeg Paningas ingkang
melbet tapel watesing Mandakara

Prabu Kurandageni : “E..e..e..e la dalah! Bojleng bojleng
iblis laknat padha jegjegan! Patih!
Mara dikepara lungguhmu Patih!”

DL: no. 28/ XLIII, 7 Desember 2013

Analisis data ingkang dipunginakaken kangge nemtokaken *referen*
pisuhan dipunlampahaken kanthi metode *deskriptif*. Panaliti menika adhedhasar
saking *referensi* bilih pisuhan basa jawa gegayutannipun kaliyan sedaya kemawon
ingkang kalebet basa saha boten kalebet ranah basa (Sudaryanto,1993:14).

Nalika ngraossaken raos duka penutur boten saged mikiraken teges saking
tembung-tembung ingkang dipunginakaken. Pisuhan ingkang dipungendikakaken
dening penutur boten namung dados piranti kangge ngudhar raos kemawon.
Wonten ing prastawa menika wonten reributan dening proses nerapaken makna.
Tembung **iblis laknat** ingkang tegesipun ‘ala’ menika dipunginakaken kangge
nyebataken paraga ingkang dipundukani.

G. Cara Ngesahaken *Data*

Bungin (2012: 58) ngandharaken bilih cara ngesahaken *data* ingkang
dipunginakaken kangge mriksani sah menapa botenipun *data (validitas)* saha
keterandalan alat ukur utawi pirantining panaliten. Cara ngesahaken *data*
ingkang dipunginakaken inggih menika.

1. *Triangulasi data* (sumber).

(Setiyadi, 2006: 31) *triangulasi* dipunginakaken panaliti kangge ndamel dudutan ingkang langkung *akurat* saha dipunginakaken kangge nyocokaken *data* supados saged trep. *Data* ingkang dipunasilaken dipunjumbuhaken kaliyan *data* sanes ingkang sami wujudipun, saengga ngasilaken *data* ingkang *sahih* inggih menika *data* ingkang asring dipunpanggihi. Nalika neliti, tembung, *frasa* saha ukara ingkang dipunpanggihi kedah kalebet pisuhan. Sumberipun kedah jelas saha sah saengga *data* ingkang dipunpikantuk leres saha boten digawe-gawe. Tuladhanipun inggih menika.

“Plekencong warudhoyong, ***elek....elek*** Dhi guru”

Tembung *elek* wonten ing tuturan ing nginggil menika ateges “ala” salajengipun dipunjumbuhaken kaliyan kamus Baoesastra Djawa ingkang ateges “ala” ugi (Poerwadarminta, 1939:113).

2. *Perpanjangan* panaliten

Panaliti kanthi *aktif* nambah wekdalipun anggenipun ngempalaken saha neliti *data*. Kanthi *perpanjangan* panaliten *derajat kepercayaan data* ingkang dipunkempalaken saged langkung *sahih* saha boten salah (Bungin, 2012: 60). Panaliti nyinau tembung-tembung ingkang sampun dipunserat wonten ing kalawarti Djaka lodhang edisi Januari dumugi Desember 2013. Panaliti maos kalawarti kanthi *seksama* supaos saged ngempalaken data kanthi jangkep saengga boten wonten tembung pisuhan ingkang boten dipunserat wonten ing *kartu data*.

BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

A. Asiling Panaliten

Adhedhasar *data* ingkang kapanggihaken dening panaliti, badhe kaandharaken *referensi* saha fungsipun pisuhan ingkang dipunpanggihi saking panyeratannipun kalawarti Djaka lodhang edisi Januari dumugi Desember 2013. *Referen* saha fungsipun pisuhan badhe dipunkelompokaken adhedhasar saking irah-irahannipun. Asiling panaliten saha pirembagannipun badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

Tabel 3. *Referensinipun* pisuhan basa Jawi

No	Data Pisuhan	Refere nsi	Indikator	Katrangan
1	2	3	4	5
1.	O1: “Bojleng-bojleng pasarot bangkong celeng gembeles. Togog? Lagi wae para yeksa pada pisah kawonwan ditya kawon pragalba, bingung dene nggone ngupadi Dewi Srenggini durung antuk damar, teka iki ana satriya bagus kang andon lampah, piye Gog?” O2: “Hayo ndang ditakoni. Sapa kekasihe lan nang ndi punangkane!” DL, no.35/ XLIII, 26 Januari 2013	Kewan	S:pawicantenan wonten ing pertapaanipun Eyang Abiyasa P:peranganing pawicantenan: O ₁ :Eyang Abiyasa O ₂ : Togog E:ancasing pawicantenan: duka amargi wonten tuyang asing daten boten sopan wonten pertapaan A: O ₁ :pambuka pawicantenan O ₂ :ingkang nanggepi K:kanthi swanten ingkang kebak duka saha kasar I: kanthi cara	Pisuhan celeng menika saking <i>referensi</i> kewan.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
			dipunserat wonten ing rubik padhawonngan N : pawicantenan kamirengaken kados saut-sautan, saha bisik-bisik G : jinising pawicantenan inggih menika pawicantenan kangge ngudhar raos duka	
2.	O1 : “Njur acara semuwangene iki sing mbiyayani sapa, terus pemenange pa entuk dhit?” O2 : “Nggih mesthi onten ta Mbah, ning kula nggih boten ngertos niku” O1 : “Gondhez tenan, tak kiraki ngerti tibake padha wae nol pruthul” O3 : “Wis raksah kakean nyocot, yuk ndang lungguh, selak dinggoni wong liya. Tur acarane yo wis dibukak kambek sing halo-halo” DL, no.35/ XLIII, 26 Januari 2013	Panda melan	S:pawicantenan wonten ing papan pertunjukan seni P:peranganing pawicantenan: O₁: Mbah Mingun O2: Yu Mona O3: Kang Marjo E:ancasing pawicantenan: nonton lomba sindhen A: O₁: ingkang pambuka pamicantenan O₂: ingkang nanggepi pawicantenan O3: ingkang nanggepi pawicantenan K: kanthi guyon I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubrik semarangan N:pawicantenan dipuntuturaken kanthi guyon G:pawicantenan kangge ngraketaken pasrawungan	Pisuhan gondhez menika referensinipun saking pandamelan.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
3.	Gurit Pangangen-angen Sumaryono, S.Pd Ah <i>gombal mukiya!</i> Iku tangen lamun kalakyan Uger maksih ngumbar kamurgan Tan nggagas uriping liyan Iki pancin gurit sengit Ngigit-igit mring pawongan kang nembe ngerit dhuwit Sandhuwuring tangis pating jlerit Ngempet rasa kawontenaning urip Nyaang lintang njlarit Ngangen-angen owahing nasib Ora beda jaman nalika urip satehanging panjajahan DL: no.14/ XLIII,31 Agustus 2013	Piranti	S:- P:peranganing pawicantenan: Penulis geguritan Sumaryono, S.Pd E:ancasing pawicantenan: Pemerintah ingkang boten saguh nyediakaken gawean A: penulis geguritan K: kanthi swanten ingkang sarwa anyel I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubrik geguritan N:pawicantenan ingkang dipuntuturaken kanthi anyel G:pawicantenan kangge ngudhar raos anyel	Pisuhan <i>gombal mukiya</i> referensinipun piranti.
4.	O1 : “Lha rak tnan ta? Wong wadon iki dudu bojomu ta? Mula kuwe aja reka-reka. Yen kuwe kepingin kajen keringan lan ora cilaka awakmu,	Rereget aning manungsa	S:pawicantenan wonten ing kadhaton prayasa P:peranganing pawicantenan: O1: Sarwadamana O2: Tumenggung Jayengtilam	Pisuhan <i>bathangmu</i> menika referensinipun saking reregetan menungsa utawi kewan saha kangge ngudhar raos duka, amargi Jayengtilam

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
	aja kok bacutake kekarepanmu sing ora bener kuwi” O2 : “Apa? Kowe wani mepalangi aku? Kowe bocah wingi sore nantang perkara. Yen kowe bakale dadi pepalangku, aja takon dosa, klakon tak juwing-juwing <i>bathangmu.</i> ” DL: no.52/ XLIII, 5 Mei 2013		E: ancasing pawicantenan: Tumeng Jayengtilam madosi garwanipun A: O ₁ : ingkang pambuka pamicantenan O ₂ : ingkang nanggepi pawicantenan K: kanthi swnten ingkang sarwa duka I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubrik padhawonngan N: pawicantenan ingkang dipuntuturaken kanthi duka G: pawicantenan kangge ngudhar raos duka	boten kepanggih garwanipun
5.	Layangseta : “Aja nyampuri perkara iki, dakelingke, menawa kuwe nyampuri perkara iki, bisa salin bubuk, kowe kudu ngadhepi Layangseta” Kuda Angin Angin : “Bobo, apa dikira aku blereng karo kuwe, aja ana papan kene. Dak enteni ana alun-alun, dakteter kasudiranmu” Layangseta :	Kawont enan	S: pawicantenan wonten ing Majapahit P: peranganing pawicantenan: O ₁ : Layangseta O ₂ : Kuda Anginangin E: ancasing pawicantenan: Kuda Anginangin kang nyapuri urusanipun Layangseta A: O ₁ : ingkang pambuka pamicantenan O ₂ : ingkang	Pisuhan <i>keparat</i> menika referensinipun saking kawontenan.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
	“Keparat kowe kuda angin-angin” DL: no.02/ XLIII,8 Juni 2013		nanggepi pawicantenan K: kanthi swnten ingkang sarwa duka I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubrik cerita rakyat N:pawicantenan ingkang dipuntuturaken kanthi duka G:pawicantenan kangge ngudhar raos duka	
6.	Jejeg Panigas : “Hiya, hiya aku arep menyang praja Mandakara” Wirabangsa : “Yen wis tekan andakaraarep apa? ” Jejeg Paningas : “Elo! Ora perli ngerti. Lha kowe sapa?” Wirabangsa :“Aku Tumenggung Wirabangsa! Tetindhing jurit saka Mandakara, kang duwe kewajiban njaga tapel watesing negara.” Prabu Kurandageni mireng bilih wonten rombonganipun Jejeg Paningas ingkang melbet tapel watesing Mandakara Prabu Kurandageni : “la dalah! Bojleng	Memedi	S:ing tlatah Mandakara P:peranganing pawicantenan: O1: Jejeg Panigas O2: Wirabangsa O3: Prabu Kurandageni E:ancasing pawicantenan: Duka amargi rombonganipun Jejeg Paningas ingkang melbet tapel watesing Mandakara tanpa ijin A: O1: ingkang buka pawicantenan O2: ingkang nanggepi pawicantenan O3: ingkang nanggepi pawicantenan ugi K: kanthi swanten ingkang seru saha kebak raos duka	Pisuhan iblis laknat referensipun memedi

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
	bojleng iblis laknat padha jegjegan! Patih! Mara dikepara lungguhmu Patih!” DL: no. 28/ XLIII, 7 Desember 2013			
7.	O1: “ Wis saiki wis meh ngomong nyocot pamaneh, kenyataane njungkir balik. Rak cocog blas mbek ndhek meh nyalon legeslatif. Diamput dha njubleg tok dha budheg tile maknya, nah dengaren Mbah Mingun takmirkon nggih ndherek teng ngriki, cobu Mbah manggalih.” O2: “Pertanyaanmu memang menggelitik, korupsiiku wis budaya artine wis dilakoni kambek masyarakat Indonesia, nek ora ana utawi rak wani ngorupsi apese cilik-cilikan, tegese belum trendi kampungan utawi ndesit. Contone tukang parkir ika, nek ora nyetut setoran berarti belum memaknai arti korupsi, malah dianggep lucu mbek langka” DL: no.02/ XLIII,8 Juni 2013	Papan asal	S:pawicantenan wonten ing Warung kucingane Yu Siti P:peranganing pawicantenan: O₁: Kang Parjo O₂: Lik Ngadi E:ancasing pawicantenan: Ngandharaken Tanah saha ongkos ngubur ingkang larcalon legeslatif namung saged janji kemawon saha korupsi ingkang sampun limrah dipuntindakaken dening pemerintah, nenawi boten korupsi menika tegesipun kampungan A: O₁: ingkang pambuka pamicantenan O₂: ingkang nanggepi pawicantenan K: kanthi swnten ingkang nyindhira I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubrik	Pisuhan kampungan utawi ndesit menika referensinipun saking papan asal. Kampungan saking tembung lingga kampung ingkang pikantuk panambang –an.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
8.	Lagi dhak sadhari yen kuwi sewarana Ibu sambungku sing nindakake perjanjian karo iblis. batinku brontak nganti tekan embun-embunkayake Ibu sambungku nyimpen dhendham. Aku ora iso nahan dhiri. Aku metu saka lawang Aku : “Ibuuuuuuuuu!” Ibu sambung: “Kurang ajar, Ibu sambungku menthelengi aku, jebul kowe nginceng aku?” DL: no.19/ XLIII,5 Oktober 2013	Tindakan tertemtu	semarangan N:pawicantenan ingkang dipuntuturaken kanthi nyindhir G:pawicantenan kangge ngudhar raos nyindhir S:pawicantenan wonten ing griya P:peranganing pawicantenan: O₁: penulis O₂: Ibu sambungipun penlis E:ancasing pawicantenan: Ngonangi Ibu sambung kang nganakno perjanjian karo mahluk gaib A: O₁: ingkangpambuka pamicantenan O₂: ingkang nanggepi pawicantenan K: kanthi swanten ingkang seru I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubrik jagading lelembut N:pawicantenan ingkang dipuntuturaken kanthi kaget G:pawicantenan kangge ngudhar raos kaget	Pisuhan <i>kurang ajar</i> referensinipun tindakan tertemtu.

Tabel 4. Fungsipun pisuhan basa Jawi

No	Data Pisuhan	Fungsi nipun Pisuhan	Indikator	Katrangan
1	2	3	4	5
1.	Anake macan: “Ora mung aku dhewe sing mangan. Aku ketekan kanca. Dheweke uga macan. Awake persis aku lan simbok. Jenenge kucing” Simboke macan: “Kurang ajar. Kowe kapusan. Dheweke iku dudu macan. Iku kucing ingon-ingone manungsa. Apa dheweke arep mreneh?” DL, no.35/ XLIII, 26 Januari 2013	Ngudhar raos duka	S: pawicantenan wonten ing awons gunungliwang liwang P: peranganing pawicantenan: O₁: anake macan O₂: Simboke macan E: ancasing pawicantenan: duka amargi anake macan dibujuki kucing A: O₁: ingkang naggepi pawicantenan O₂: pambuka pawicantenan K: kanthi swanten ingkang kebak duka saha kasar I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubrik wacan bocah N: pawicantenan simbok macan kasar anak macan alus sahaboten mudheng G: jinising pawicantenan inggih menika pawicantenan kangge ngudhar raos duka	Pisuhan <i>kurang ajar</i> menika kalebet pisuhan ingkang dipuntuturaken kangge ngudhar raos duka nalika dipunwaos saking konteksipun bilih simbok macan duka amargi anake dibujuki kaliyan kucing ingon-ingonane manungsa

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
2.	O1: “ Wis saiki wis meh ngomong nyocot pamaneh, kenyataane njungkir balik. Rak cocog blas mbek ndhek meh nyalon legeslatif. Diamput dha njubleg tok dha budheg, nah dengaren Mbah Mingun takmirkon nggih ndherek teng ngriki, cobu Mbah manggalih.” O2: “Pertanyaanmu memang menggelitik, korupsiiku wis budaya artine wis dilakoni kambek masyarakat Indonesia, nek ora ana utawi rak wani ngorupsi apese cilik-cilikan, tegese belum trendi kumpungan utawi ndesit. Contone tukang parkir ika, nek ora nyetut setoran berarti belum memaknai arti korupsi, malah dianggep lucu mbek langka” DL: no.02/ XLIII,8 Juni 2013	Ngudhar raos anyel	S:pawicantenan wonten ing Warung kucingane Yu Siti P:peranganing pawicantenan: O₁: Kang Parjo O₂: Lik Ngadi E:ancasing pawicantenan: Ngandharaken Tanah saha ongkos ngubur ingkang larcalon legeslatif namung saged janji kemawon A: O₁: ingkang pambuka pamicantenan O₂: ingkang nanggapi pawicantenan K: kanthi swnten ingkang sarwa anyel I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubrik semarangan N:pawicantenan ingkang dipuntuturaken kanthi anyel G:pawicantenan kangge ngudhar raos anyel	Pisuhan diamput menika dipuntuturaken kangge ngudhar raos anyel, amargi caleg ingkang ingkar janji.
3.	Aja meneh kok nglanggati, dijak ngomong bae Dewi Sintha tansah mlengos lan ngungkuri sinambi	Ngudhar raos kuciwa	S:pawicantenan wonten ing istana Alengkadipura P:peranganing pawicantenan: O₁: Dewi Sinta	Pisuhan kethek menika dipuntuturaken kangge ngudhar raos kuciwa, amargi pawicantenan

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
	tansah ngudhamana pukal pakartine Rahwana kang wus laku cidra ngrusak pager ayu, medhot taline jejodhohan lan rasa katresnan marang garwane Sri Rama Wijaya. Dewi Sintha : “Rahwana kuwe ratu kang jerih nggetih, raja kang wedi mati ora wani tangkep jaja tandhing tiyasa karo Sri Rama Wijaya mula kok rewangi nyolong-nyolong, nyidra lan ngglandhang bojone liyan” Rahwana : “Bakal entuk bojo kethek elek tuwek” DL, no.42/ XLIII, 16 Maret 2013		O2: Rahwana E:ancasing pawicantenan: rahwana kuciwa kaliyan Dewi Sinta A: O₁: ingkang pambuka pamicantenan O₂: ingkang nanggepi pawicantenan K: kanthi nyamah nadanipun Dewi Sinta saha Rahwana Kuciwa I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubrik pagelaran N:pawicantenan ingkang dipuntuturaken kanthi nyamah G:pawicantenan kangge ngudhar raos kuciwa	kasebat dipuntuturaken Rahwana misuh amargi kuciwa kaliyan Dewi Sinta.
4.	 Pemerintah kisruh melulu ngene kok mikir nyediyakake papan gawean Edan, edan! Jamane pancen digawe edan Ha nek wong edan iku papane ngendi bu? Wawonh takono gurumu Sing pnter medhar ilmu Senajan lakune kaya	Ngudhar raos getun	S:pawicantenan wonten griyanipun penulis P:peranganing pawicantenan: O₁: Ibu (penulis) O₂: anak E:ancasing pawicantenan: getun kaliyan kawontenan A: O₁: ingkang pambuka pamicantenan O₂: ingkang	Pisuhan edan dipuntuturaken kangge ngudhar raos getun, amargi pawicantenan kasebat dipuntuturaken kangge ngudhar bilih penulis getun sampun milih pemerintah ingkang boten mikir rakyatipun.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
	sapi Hake dikebiri pendhuwure ora ngerti Dhuwite sertifikat diptong ora nglegewo Wis cah ora usah kakean nggetuni kawontenan Mugena wae sinaumu, ibadahmu DL, no.48/ XLIII, 27 April 2013		nanggepi pawicantenan K: kanthi swnten ingkang sarwa getun I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubrik geguritan N:pawicantenan ingkang dipun tuturaken kanthi getun G:pawicantenan kangge ngudhar raos getun	
5.	O1 : “Edian jian ciamik, ketok anggun tenan huayu- huayu” O2 : “Whuah nek sindhen dha kaya iki wis mesti karawitan semakin eksis. Awake dhewe saya bangga punya kesenian andhawonn, pelakune saka kawonngan mudha” DL, no.35/ XLIII, 26 Januari 2013	Ngudhar raos gumun	S:pawicantenan wonten ing papan pertunjukan seni P:peranganing pawicantenan: O₁: Mbah Mingun O₂: Yu Mona O₃: Kang Marjo E:ancasing pawicantenan: nonton lomba sindhen A: O₁: ingkang pambuka pawicantenan O₂: ingkang nanggepi pawicantenan O₃: ingkang nanggepi pawicantenan K: kanthi guyon I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubrik semarangan N:pawicantenan	Pisuhan edian menika referensinipun saking kawontenan saha kangge ngudhar raos gumun, amargi pawicantenan kasebat dipun tuturaken naika ngertos sindhen ingkang ayu-ayu

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
6.	Cleret : “angartiya Yesus. Aku panchen tedhak turune angin kang ngedap-edabi. Kowe ngerti ora yen tornadi ing Amerika iku isih klebu trah karo aku. Mbahku dhewe isih keturunane angin sing wis kasil gawe Tsunami ing ngendi-endi” Yesus : “Huh mung kaya mengkono wae diumukke. Ngertiya, ya cleret <i>gombel!</i> Aku iki esih keturunan kaping pitu Eyang Dewa Bayu. Apa ora hebat?” DL: no.25/ XLIII,16 Nopember 2013	Ngudhar raos nyamah	ingkang dipuntuturaken kanthi guyon G:pawicantenan kangge ngudhar raos gumun S:pawicantenan wonten ing wana P:peranganing pawicantenan: O₁: Cleret O₂: Yesus E:ancasing pawicantenan: Saingan sinten ingkang langkung sekti A: O₁: ingkang pambuka pamicantenan O₂: ingkang nanggepi pawicantenan K: kanthi swanten ingkang seru I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubrik wacan bocah N:pawicantenan ingkang dipuntuturaken kanthi nyamah G:pawicantenan kangge ngudhar raos nyamah	Pisuhan <i>gombel</i> referensinipun dhemit saha kangge ngudhar raos nyamah, nyamah, Yesus nyamah Cleret.
7.	O₁ : “Njur acara semuwangene iki sing mbiyayani sapa, terus pemenange pa entuk dhit?”	Ngraketaken pasrawungan	S:pawicantenan wonten ing papan pertunjukan seni P:peranganing pawicantenan:	Pisuhan <i>gondhez</i> kangge ngraketaken pasrawungan,

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
	O2 : “Nggih mesthi onten ta Mbah, ning kula nggih boten ngertos niku” O1 : “Gondhez tenan, tak kiraki ngerti tibake padha wae nol pruthul” O3 : “Wis raksah kakean nyocot, yuk ndang lungguh, selak dinggoni wong liya. Tur acarane yo wis dibukak kambek sing halo-halo” DL, no.35/ XLIII, 26 Januari 2013		O₁: Mbah Mingun O2: Yu Mona O3: Kang Marjo E:ancasing pawicantenan: nonton lomba sindhen A: O₁: ingkang pambuka pamicantenan O₂: ingkang nanggepi pawicantenan O3: ingkang nanggepi pawicantenan K: kanthi guyon I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubrik semarangan N:pawicantenan ingkang dipuntuturaken kanthi guyon G:pawicantenan kangge ngraketaken pasrawungan amargi dipuntuturaken kanthi nada guyon	
8.	Satriya : “Aku bungah bisa uwal saka pambujuking wanita kang atine iblis kuwi, atiku plong bisa nyuntak kawontenan kang satemene gawe mbeledhedheg jawonran dianggep	Ngudhar raos bungah	S:wonten ing kantoripun Satriya P:peranganing pawicantenan: Satriya E:ancasing pawicantenan: Bungah uwal saking	Pisuhan iblis saha gendruwo referensinipun dhemit saha kangge ngudhar raos bungah amargi saged uwal saking pambujuking wanita ingkang gadhah niat awon

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
	sasuwene iki ora ngerti marang pokale genderuwo. Kanthi crita nyata iki muga-muga iblis kang nggodha bisa ngerti menawa ora ana kang luwih sekti kejaba mung Gusti Kang Maha Agung” DL: no.25/ XLIII,16 Nopember 2013		pambujuking wanita A: Satriya: ingkang curhat K: kanthi swanten ingkang liri I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubrik Oh lelakon N:pawicantenan ingkang dipuntuturaken kanthi bungah G:pawicantenan kangge ngudhar raos bungah	
9.	Lagi dhak sadhari yen kuwi sewarana Ibu sambungku sing nindakake perjanjian karo iblis. batinku brontak nganti tekan embun-embunkayake Ibu sambungku nyimpen dhendham. Aku ora iso nahan dhiri. Aku metu saka lawang Aku : “Ibuuuuuuuuu!” Ibu sambung : :“Kurang ajar, Ibu sambungku menthelengi aku, jebul kowe nginceng aku?” DL: no.19/ XLIII,5 Oktober 2013	Ngudhar raos kaget	S:pawicantenan wonten ing griya P:peranganing pawicantenan: O₁: penulis O₂: Ibu sambungipun penlis E:ancasing pawicantenan: Ngonangi Ibu sambung kang nganakno perjanjian karo mahluk gaib A: O₁: ingkangpambuka pawicantenan O₂: ingkang nanggepi pawicantenan K: kanthi swanten ingkang seru I: kanthi cara	Pisuhan <i>kurang ajar</i> referensinipun tindakan tertemtu saha kangge ngudhar raos kaget, amargi anakipun ngertos tindakanipun Ibu sambung ingkang ngawontenaken ritual kaliyan mahluk gaib

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5
10.	Lik Ngadi : “Pertanyaanmu memang menggelitik, korupsi iku wis budaya artine wis dilakoni kambek masyarakat Indonesia, nek ora ana utawi rak wani ngorupsi apese cilik-cilikan, tegese belum trendi kampung utawi ndesit. Contone tukang parkir ika, nek ora nyetut setoran berarti belum memaknai arti korupsi, malah dianggep lucu mbek langka” Pardi Parkir : “Nek ngomong ja angger njeplak Lik”	nyindhir	dipunserat wonten ing rubrik jagading lelembut N:pawicantenan ingkang dipuntuturaken kanthi kaget G:pawicantenan kangge ngudhar raos kaget S:pawicantenan wonten ing Warung kucingane Yu Siti P:peranganing pawicantenan: O₁: Lik Ngadi O₂: Pardi Parkir E:ancasing pawicantenan: Ngandharaken tiyang ingkang seneng korupsi A: O₁: ingkang pambuka pamicantenan O₂: ingkang nanggepi pawicantenan K: kanthi swnten ingkang sarwa nyamah I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubik semarangan N:pawicantenan ingkang dipuntuturaken kanthi nyindhir G:pawicantenan kangge ngudhar raos nyindhir	Pisuhan kampung utawi ndesit dipuntuturaken kangge ngudhar raos nyindhir, amargi pawicantenan kasebut dipuntuturaken kangge nyindhir Pardi parkir.

B. Pirembagan

Pirembagan ingkang dipunasilaken saking panaliten menika wonten *referensi* saha fungsipun pisuhan. Pirembagan ingkang dipunasilaken menika sumberipun saking data pisuhan wonten ing salebeting kalawarti Djaka Lodhang edisi Januari dumugi Desember 2013. Data menika saged dipunsebat pisuhan amargi dipuntingali saking satuan lingual saha konteks pawicantenanipun. Pirembaganipun inggih menika:

1. *Referensi* pisuhan basa Jawi wonten ing salebeting kalawarti Djaka Lodhang edisi Januari-Desember 2013

Referensi inggih menika kawontenan saha piranti ingkang dipunginakaken kangge nuwuhaken pisuhan. *Referensi* menika lair saking *proses pikir* manungsa anggenipun ngidentifikasi sedaya kemawon ingkang saged dipunginakaken kangge *referensi*. *Referensi* pisuhan dipunperang dados 8 jinis. Andharan saking *referensinipun* pisuhan badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika:

a. *Referensi* Kewan

Kewan inggih menika salah satunggaling piranti ingkang gesang, sanesipun manungsa saha wit-witan. Kewan wonten ingkang dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan. Boten sedaya jinising kewan dipunginakaken kangge misuh, kewan ingkang dipunginakaken kangge misuh menika kewan ingkang gadhah sipat awon (Wijana saha Rohmadi, 2012:120). Tuladhanipun kewan ingkang dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan inggih menika *asu*, *bunglon*, lansapiturutipun. Tuladha ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten kados menika.

Kutipan pawicantenan antawisipun Eyang Abiyasa kaliyan Togog. Wonten ing pertapaanipun Eyang Abiyasa.

Eyang Abiyasa: “Bojleng-bojleng pasarot bangkong **celeng** gembeles. Togog? Lagi wae para yeksa pada pisah kawonwan ditya kawon pragalba, bingung dene nggone ngupadi Dewi Srenggini durung antuk damar, teka iki ana satriya bagus kang andon lampah, piye Gog?”

Togog : “Hayo ndang ditakoni. Sapa kekasihe lan nang ndi punangkane!”

DL, no.35/ XLIII, 26 Januari 2013

Pisuhan ing nginggil inggih menika pisuhan tembung **celeng**. **Celeng** menika kelebet pisuhan ingkang *referensinipun* saking kewan. Kewan ingkang dipunginakaken kangge misuh wonten ing nginggil menika kewan ingkang gadhah sipat ingkang awon. Poerwadarminta (1939:623) **Celeng** inggih menika babi alasan kang asipat awon. Amargi kewan **celeng** menika gadhah sipat ingkang seneng ngrusak tanduranipun manungsa, saengga nganggep bilih paraga ingkang dipunpisuhi sami sipatipun kadosta celeng. Nalika penutur ngraosaken raos ingkang duka wonten ing manahipun menika sampun boten mikir malih tembung-tembung ingkang dipunginakaken kangge pisuhan. Tembung **celeng** kalebet pisuhan ingkang kasar.

b. *Referensi Pandamelan*

Referensi pisuhan ingkang salajengipun inggih menika pandamean. Pandamelan menika dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan amargi wonten pandamelan ingkang asipat *negatif*. Pandamelan ingkang *negatif* menika dipunanggep awon. Pandamelan menika saged ngrugekaken manungsa sanesipun. Tuladhanipun inggih menika *maling*, *bajingan*, lan sapiturutipun. Tuladha wonten ing panalitenipun iggih menika.

Kutipan pawicantenan antawisipun Santkrah kaliyan paraga ingkang badhe mateni Sangkrah. Wonten ing daemipun Sangkrah.

Sangkrah : “Ora-ora aku mung nedya mateni. Aku mun nuruti perintahe nduwuran”

Pawongan kang arep mateni Sangkrah : “Ndhuwuran?sapa nduwuranmu?”

Paongan kang sujud kuwi meneng wae

“**Bajingan elek!** Ditakoni ora mangsuli?”

DL: no.14/ XLIII,31 Agustus 2013

Pisuhan ing nginggil inggih menika tembung **bajingan** kalebet pisuhan ingkang *referensinipun* saking pandamelan utawi pakaryan tertemtu. Pandamelan saha pakaryan ingkang dipundadosaken kangge *referensi* pisuhan menika ingkang awon ingkang ngrugekaken tiyang kathah. Pandamelan menika saged ndadosaken tiyang sanes ngraosaken duka wonten manahipun. Paraga ingkang pandamelanipun awon dipunganggep gadhah sipat ingkang awon ugi. **Bajingan** saged dipunanggep pisuhan ingkang *referensinipun* saking pandamelan saha pakaryan nalika dipunwaos saking satuan lingualipun. **Bajingan** inggih menika pakaryanipun manungsa ingkang sipatipun awon amargi mendhet pirantinipun tiyang sanes kanthi boten matur rumiyin, malah ngancem wonten ugi ingkang ngantos mateni. **Bajingan** sami kaliyan rampog. Paraga ingkang migunakaken pisuhan **bajingan** menika nganggep bilih paraga ingkang dipunpisuhi sami kaliyan manungsa ingkang pandamelipun ngrampog.

c. *Referensi Piranti*

Referensi pisuhan ingkang salajengipun inggih menika piranti. Piranti menika saged dipundinakaken kangge *referensi* pisuhan amargi piranti menika dipunanggep gadhah *nilai* ingkang boten wigatos. Tuladhanipun inggih menika *gombal mukiya*, *ember*, *gombal amoh*. Tuladha wonten ing panalitenipun inggih menika

Gurit Pangangen-angen

Sumaryono, S.Pd

.....
Ah ***gombal mukiya!***

Iku tangreh lamun kalakyan

Uger maksih ngumbar kamurgan

Tan nggagas uriping liyan

Iki pancin gurit sengit

Ngigit-igit mring pawongan kang nembe ngerit dhuwit

Sandhuwuring tangis pating jlerit

Ngempet rasa kawontenaning urip

Nyang lintang njlarit

Ngangen-angen owahing nasib

Ora beda jaman nalika urip satehanging panjajahan

.....

DL: no.14/ XLIII,31 Agustus 2013

Pisuhan ***gombal mukiya!*** wonten ing salah setunggaling larik geguritan ing nginggil *refers* sinipun saking piranti tertemtu. Piranti ugi asring dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan. Piranti ingkang dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan menika piranti ingkang dipunanggep gadhah piguna ingkang boten wigatos sanget. Piranti ingkang dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan menika piranti ingkang dipunanggep reged saha amoh. ***Gombal mukiya!*** inggih menika piranti ingkang arupa kain bekas rasukan, celana, andhuk lan sapiturutipun ingkang biasanipun dipunginakaken kangge kesed. ***Gombal mukiya*** dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan nalika dipuntingali saking satuan lingualipun. Satuan lingualipun inggih menika ***gombal mukiya*** ingkang sejatosipun kadadosan saking kalih tembung inggih menika tembung lingga gombal saha mukiya ananging nalika dipungabung tembung menika owah dados setunggal makna. Amargi fungsipun piranti nanging boten wigatos sanget menika saengga tembung ***gombal mukiya*** asring dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan.

d. *Referensi* Regetaning manungsa saha kewan

Referensi pisuhan ingkang salajengipun inggih menika reregetanipun manungsa saha kewan. Nalika dipuntingali saking jinisipun *referensi* pisuhan regetaning manungsa saha kewan kalebet ingkang awon. Regetan menika gadhah wujud ingkang damel *jijik*, ingkang ambunipun boten wangi. Tuladhanipun inggih menika *telekmu*, *bathangmu*. Tuladha ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten inggih menika. Kutipan pawicantenan antawisipun Sarwadamana kaliyan Tumenggung Jayengtilam. Wonten ing daemipun Kedhaton Prayasa.

A : “Lha rak tnan ta? Wong wadon iki dudu bojomu ta? Mula kuwe aja reka-reka. Yen kuwe kepingin kajen keringan lan ora cilaka awakmu, aja kok bacutake kekarepanmu sing ora bener kuwi”

B : “Apa? Kowe wani mepalangi aku? Kowe *bocah wingi sore* nantang perkara. Yen kowe bakale dadi pepalangku, aja takon dosa, klakon tak juwing-juwing *bathangmu*.”

DL: no.52/ XLIII, 5 Mei 2013

Pisuhan tembung *banthangmu* wonten ing nginggil menika kalebet pisuhan ingkang lair saking *referensi* reregetanipun manungsa saha kewan. Reregetan menika biyasanipun gadhah ganda ingkang badheg, saengga asring dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan. Pisuhan ingkang saking reregetan manungsa saha kewan menika kathah senget tuladha sanesipun *bathang* inggih menika *telek*, *tai*, *taek*, lansapiturutipun. *Referensi* pisuhan saking reregetaning manungsa saha kewan menika dipuntingali saking satuan lingualipun. Satuan lingual saking pisuhan ing nginggil inggih menika *bathang*. *Bathang* menika kalebet reregetaning manungsa utawi kewan ingkang wujudipun jasad ingkang boten wonten nyawanipun ingkang gadhah gandha badheg saha asring dirubung kewan-kewan. Kewan-kewan ingkang seneng kaliyan *bathang* kadosta laler, set,

saha kewan-kewan ingkang alit (*jasad renik*). Nalika penutur nuturaken pisuhan ingkang *referensinipun* saking reregetan manungsa utawi kewan menika penutur ngraosaken raos ingkang gela wonten ing manahipun.

e. *Referensi Kawontenan*

Referensi pisuhan ingkang salajengipun inggih menika kawontenan. Kawontenan ingkang dipundadosaken kangge *referensi* pisuhan menika kawontenan ingkang kirang sae dipunraosaken. Kawontenan menika sejatosipun boten dipingin kaliyan manungsa. Tuladhanipun inggih menika *edan*, *kebluk*, *kenthir*, *bento* lan *sapiturutipun*. Saking tuladha kalawau saged dipuntingali bilih kawontenan menika awon. Tuladha wonten ing panaliten inggih menika. Kutipan pawicantenan antawisipun Layangseta kaliyan Kuda Angin Angin. Wonten ing Kedhaton Majapahit.

Layangseta	: “Aja nyampuri perkara iki, dakelingke, menawa kuwe nyampuri perkara iki, bisa salin bubukan, kowe kudu ngadhepi Layangseta”
Kuda Angin Angin	: “Bobo, apa dikira aku blereng karo kuwe, aja ana papan kene. Dak enteni ana alun-alun, dakteter kasudiranmu”
Layangseta	: “ Keparat kowe kuda angin-angin”

DL: no.02/ XLIII,8 Juni 2013

Pisuhan ing nginggil inggih menika tembung **keparat** kalebet pisuhan ingkang *referensinipun* saking kawontenanipun manungsa. Kawontenan ingkang dipuntuturaken kaliyan penutur menika kawontenan ingkang awon saha kawontenan ingkang dipunadohi kaliyan manungsa. Kawontenan ingkang awon menika asring ngrugekaken paraga sanes. **Keparat** inggih menika kalebet kawontenan ingkang awon inggih menika kawontenanipun manungsa ingkang boten pitados kaliyan Gusti Inggang Murbeng Dumadi. Tembung **keparat** saged

dipunsebat pisuhan menawi dipunwaos saking satuan lingualipun. Saking satuan lingualipun sampun saged dipunmangertosi bilih tembung **keparat** menika kalebet pisuhan amargi tembung menika kaebet tembung ingkang kasar saha tegesipun ugi awon. Tembung **keparat** menika kalebet tembung pisuhan ingkang *referensinipun* saking kawontenan ingakng awon, saengga tembung menika asring dipunginakaken kangge misuh supados paraga ingkang dipunpisuhi menika saged mangertosi bilih paraga ingkang misuh nembe ngraosaken raos duka wonten ing manahipun.

f. *Referensi Memedi*

Referensi pisuhan ingkang salajengipun inggih menika memedi. Memedi menika gadhah sipat ingkang awon saha jahat. Memedi asring ngujuk-ngujuki manungsa supaya ngelampahi tindakan saha pandamelan ingkang saged nuwuhaken dosa. Manungsa ingkang gadhah sipat ingkang awon menika sami kaliyan memedi. Memedi kalebet pisuhan ingkang kasar sanget. Paraga ingkang migunakaken pisuhan *referensi* memedi menika paraga ngraosaken raos duka. Tuladhanipun *iblis, gombel, setan, dhemit* lan sapiturutipun. Tuladha wonten ing panaliten inggih menika. Kutipan pawicantenan antawisipun Jejeg Panigas, Wirabangsa, saha Prabu Kurandageni. Wonten ing daemipun Praja Mandakara.

Jejeg Panigas : “Hiya, hiya aku arep menyang Praja Mandakara”

Wirabangsa : “Yen wis tekan ana karaep apa? ”

Jejeg Panigas : “Elo! Ora perlu ngerti. Lha kowe sapa?”

Wirabangsa : “Aku Tumenggung Wirabangsa! Tetindhing jurit saka Mandakara, kang duwe kewajiban njaga tapel watesing negara.”

Prabu Kurandageni mireng bilih wonten rombonganipun Jejeg Panigas ingkang melbet tapel watesing Mandakara

Prabu Kurandageni : “E..e..e..e la dalah! Bojleng bojleng **iblis laknat** padha jegjegan! Patih! Mara dikepara lungguhmu Patih!”.DL: no. 28/ XLIII, 7 Desember 2013

Pisuhan pawicantenan ing nginggil menika kalebet pisuhan ingkang *referensinipun* saking dhemit. *Referensi* pisuhan sejatosipun sedaya kemawon ingkang gadhah sipat awon. Salah setunggaling inggih menika dhemit, dhemit dipundadosaken kangge *referensi* pisuhan amargi sedaya jinis dhemit menika dipunanggep gadhah sipat ingkang awon, kadosta setan, iblis, genderuwo, wewe gombel lan sapiturutipun. Pisuhan ingkang kadadosan saking *referensi* dhemit inggih menika pisuhan **iblis laknat**. Tegesipun **iblis laknat** inggih menika iblis ingkang dipunlaknat kaliyan Gusti. **Iblis** inggih menika salah setunggaling jinis dhemit ingkang sipatipun awon saha licik ingkang remen ngganggu keimananipun manungsa. **Iblis laknat** saged dipunsebat pisuhan nalika dipunwaos saking satuan lingualipun.

g. *Referensi* Papan asal

Referensi pisuhan ingkang salajengipun inggih menika papan asal. Papan asal ingkang dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan menika papan ingkang dipunanggap tasih dereng maju utawi ndeso. Papan ingkang dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan menika papan ingkang masyarakatipun tasih dereng *modern*. Tuladhanipun kadosta *wong gunung*, *bocah ndesa*. Tuladhanipun pisuhan ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten inggih menika. Kutipan pawicantenan antawisipun Lik Ngadi kaliyan Pardi Parkir. Wonten ing warungipun Yu Monah.

Lik Ngadi : “Pertanyaanmu memang menggelitik, korupsi iku wis budaya artine wis dilakoni kambek masyarakat Indonesia, nek ora ana utawi rak wani ngorupsi apese cilik-cilikan, tegese belum trendi **kampungan utawi ndesit**. Contone tukang parkir ika, nek ora nyetut setoran berarti belum *memaknai* arti korupsi, malah dianggep lucu mbek langka”

Pardi Parkir : “Nek ngomong ja angger njeplak Lik”

DL: no.02/ XLIII,8 Juni 2013

Pisuhan ingkang tuladhanipun pawicantenan ing nginggil inggih menika *referensinipun* saking papan asal. Papan asal ingkang dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan inggih menika tembung **kampungan utawi ndesit**. Papan asal ingkang dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan inggih menika papan asal ingkang dipunanggep kirang modern, pedidikanipun dereng maju, lan sapiturutipun. Pisuhan **kampungan utawi ndesit** saged dipunsebat pisuhan nalika dipuntingali saking satuan lingual. Satuan lingual inggih menika **kampungan utawi ndesit** ingkang tegesipun tiyang ingkang dereng maju, tasihi tradisional. Pisuhan menika asring dipuntuturaken kaliyan penutur nalika penutur badhe ngece paraga sanes ingkang langkung rendah ing status sosialipun. Amargi pisuhan **kampungan utawi ndesit** gadhah teges ingkang negatif saengga dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan saking papan asal.

h. *Referensi* Tandakan tertemtu

Referensi pisuhan ingkang salajengipun inggih menika tindakan tertemtu. Tindakan ingkang dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan menika tindakan ingkang awon. Tindakan menika dipunanggep boten sopan saha boten trep. Wonten ing prastawa menika, tindakan ingkang dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan dipunanggep boten pantes dipunlampahi manungsa ingkang gadhah akal. Tindakan menika dipunjumbuhaken kaliyan tindakanipun kewan. Tuladhanipun

kadosta *nyocot*, *mbadhog*, *nyekek* lan sapiturutipun. Tuladhanipun saking panaliten ingkang kapanggihaken inggih menika, Kutipan pawicantenan antawisipun penulis kaliyan Ibu sambungipun saha mahluk gaib. Wonten ing dalemipun penulis.

Ibu sambung : “Tambahana keayuanku Ki, supaya Beni tambah tresna karo akulan aku gampang menguasai anake supaya nurut wae karo aku”

Mahluk gaib : “Kuwi gampang, hmmm.”

Lagi dhak sadhari yen kuwi sewarana Ibu sambungku sing nindakake perjanjian karo iblis. batinku brontak nganti tekan embun-embunk kayake Ibu sambungku nyimpen dhendham. Aku ora iso nahan dhiri. Aku metu saka lawang

Aku : “Ibuuuuuuuuu!”

Ibu sambung : “**Kurang ajar**, Ibu sambungku menthelengi aku, jebul kowe nginceng aku?”

DL: no.19/ XLIII,5 Oktober 2013

Pisuhan ing nginggil kalebet pisuhan ingkang *referensinipun* saking kawontenan tertentu. Kawontenan ingkang dipunginkaken kangge *referensi* pisuhan inggih menika tembung ***kurang ajar***. Kawontenan ingkang dipunginakaken kangge *referensi* pisuhan inggih menika kawontenan ingkang awon. Kawontenan ingkang awon menika saged ngrugekaken tiyang sanes. Pisuhan ***kurang ajar*** menika kalebet pisuhan ingkang *referensinipun* saking kawontenan ingkang sipatipun manungsa ingkang boten gadhah tata krama ingkang tindak tandukipun asring ndamel tiyang sanes gela manahipun saha rugi. Tembung pisuhan ***kurang ajar*** dipunsebat pisuhan ingkang *referensinipun* saking kawontenan tertentu nalika dipuntingali saking satuan lingualipun. Tembung ***kurang ajar*** menika sejatosipun kalebet tembung camboran ingkang kadadosan saking kalih tembung inggih menika tembung lingga kurang saha ajar ingkang

dipungabung saengga nglairaken makna enggal. Manungsa ingkang dipunpisuhi migunakaken pisuhan *kurang ajar* dipunanggep gadhah sipat ingkang awon.

2. Fungsipun pisuhan basa Jawi wonten ing salebeting kalawarti Djaka Lodhang edisi Januari-Desember 2013

Fungsipun pisuhan basa Jawi menika saged dipuntingali saking konteks pawicantenipun. Pamicara anggenipun migunakaken pisuhan wonten ing proses pawicantenan menika sampun mesti wonten fungsipun. Fungsipun pisuhan basa Jawi wonten ing salebeting kalawarti Djaka Lodhang edisi Januari-Desember 2013 inggih menika dipunperang dados 10 jinis inggih menika:

a. Pisuhan ingkang fungsipun kangge sarana ngudhar raos duka

Pisuhan saged dipunginakaken kangge sarana ngudhar raos duka penutur. Nalika paraga tertemtu ngraosaken raos duka, manungsa boten saged mikir, saengga saged nuturaken ukara saha tembung ingkang *tabu* inggih menika misuh(Rakhmat, 2000:58). Nuturaken tembung utawi ukara ingkang awon tegesipun micanten migunakaken tembung-tembung ingkang boten sopan, micanten migunakaken tembung-tembung ingkang boten trep. Pisuhan ingkang nggambaraken raos duka, tuladhanipun inggih menika *keparat*, *celeng*, *mboyak*, lan sapiturutipun. Tuladha wonten ing panaliten inggih menika. Kutipan pawicantenan antawisipun Layangseta kaliyan Kuda Angin Aangin. Wonten ing Kedhaton Majapahit.

Layangseta : “Aja nyampuri perkara iki, dak elingke, menawa kuwe nyampuri perkara iki, bisa salin bubuk, kowe kudu ngadhepi Layangseta”

Kuda Angin Angin : “Bobo, apa dikira aku blereng karo kuwe,
aja ana papan kene. Dak enteni ana alun-
alun, dakteter kasudiranmu”

Layangseta : “**Keparat** kowe kuda angin-angin”

DL: no.02/ XLIII,8 Juni 2013

Fungsinipun pisuhan tembung **keparat** wonten ing pawicantenan ing nginggil menika dipuntuturaken kangge ngudhar raos duka. Raos duka inggih menika raos boten kepenak wonten ing manahipun penutur amargi wonten tindakan utawi tuturanipun paraga sanes ingkang awon saengga nyebabaken penutur ingkang nuturaken pisuhan duka. Pisuhan ing nginggil saged dipunsebat kangge ngudhar raos duka nalika dipunwaos saking konteks pawicantenanipun. Wonten ing konteks pawicantenaipun menika Layangseta misuhaken tembung **keparat** kangge ngudhar raos duka ingkang dipunraosaken wonten manahipun Layangseta saha kangge nudhuhaken dhateng Kuda Angin Angin bilih Layangseta duka. Layangseta duka amargi Kuda Angin Angin sampun nyampuri urusanipun Layangseta. Layangseta ugi duka amargi Kuda Angin Angin sampun nantang Layangseta perang. Amargi Kuda Angin Angin tindakanipun awon saengga Layangseta nuturaken pisuhan **keparat**. Nalika paraga duka, paraga boten mikir malih tembung pisuhan ingkang dipuntuturaken.

b. Pisuhan ingkang fungsinipun kangge sarana ngudhar raos anyel

Pisuhan saged nggambaraken raos anyel penuturipun. Nalika salah satunggaling paraga mangertosi bilih paraga sanesipun goroh, saengga paraga sanes asring ngraosaken raos anyel. Wujud raos anyel menika asring dipunwujudaken kanthi pisuhan. Kutipan pawicantenan antawisipun Mbah Mingun kaliyan Lik Ngadi. Wonten ing dalemipun Mbah Mingun.

- A : “Tanah kalih ongkos ngubur sakniki mpun larang Mbah, paling murah nek dikubur ngadheg, kersa?”
 B : “**Kenthir** wong iki”

DL: no.02/ XLIII,8 Juni 2013

Fungsipun tuturan pisuhan **kenthir** ing nginggil dipuntuturaken kangge ngudhar raos anyel. Anyel utawi mangkel inggih menika raos boten remen wonten ing manahipun ingkang campur kaliyan bosen amargi paraga sanes goroh saha boten saged dipunpicados (Suharso saha Ana Retnoningsih, 2008:289). Fungsi kangge ngudhar raos anyel menika dipunwaos saking konteks pawicantenanipun. Wonten ing konteks pawicantenanipun saged dipunandharaken bilih penutur A menika nuturaken pawicantenan ingkang ndamel anyel penutur B. Penutur A nuturaken menawi tanah kuburan saha ongkosipun ngubur jaman samenika sampun larang, menawi kersa badhe dipunkubur ngadeg supaya boten mbetahaken tanah ingkang wiyar. Tuturan menika nyebabaken penutur B anyel saengga nuturaken pisuhan **kenthir** menika. Penutur B anyel amargi penutur A sampun dianggep nuturaken tuturan ingkang boten sopan kaliyan penutur B. Penutur B nganggep bilih penutur A menika paraga ingkang otakipun boten normal saengga nuturaken **kenthir**. Penutur B emosi wonten ing manahipun saengga sampun boten mikir malih tembung ingkang dipuntuturaken.

c. Pisuhan ingkang fungsipun kangge sarana ngudhar raos kuciwa

Pisuhan saged nggambaraken raos kuciwa saking paraga tertemtu. Raos kuciwanipun paraga tertemtu asring dipungambaraken kanthi tuturan ingkang kasar utawi misuh. Pisuhan ingkang ngudhar raos kuciwa menika kathah sanget wujudipun. Tuladha ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten inggih menika.

Kutipan pawicantenan antawisipun Dewi Sintha kaliyan Rahwana. Wonten ing Kedhatonipun Rahwana.

Aja meneh kok nglanggati, dijak ngomong bae Dewi Sintha tansah mlengos lan ngungkuri sinambi tansah ngudhamana pukul pakartine Rahwana kang wus laku cidra ngrusak pager ayu, medhot taline jejodhohan lan rasa katresnan marang garwane Sri Rama Wijaya.

Dewi Sintha : “Rahwana kuwe ratu kang jerih nggetih,
raja kang wedi mati ora wani tangkep jaja
tandhing tiyasa karo Sri Rama Wijaya mula
kok rewangi nyolong-nyolong, nyidra lan
ngglandhang bojone liyan”

Rahwana : “Bakal entuk bojo **kethek** elek tuwek”

DL, no.42/ XLIII, 16 Maret 2013

Fungsipun pisuhan pawicantenan ing nginggil inggih menika dipunginakaken kangge ngudhar raos kuciwa. Raos kuciwa inggih menika raos boten kepenak ing manah amargi wonten gegayutan ingkang boten trep kaliyan kasunyatan. Pisuhan **kethek** saged dipuntuturaken kangge ngudhar raos kuciwa nalika dipunwaos saking konteks pawicantenanipun, ingkang sepindhah inggih menika dipunwaos saking *prolog*ipun. Wonten ing prolog ngandharake bilih Dewi Sintha menika boten remen kaliyan Rahwana, Dewi Sintha boten purun ngadep Rahwana nalika Rahwana ngendika. Dewi Sintha ngece Rahwana bilih Rahwana namung saged medhot talining jodho antawisipun Dewi Sintha kaliyan Sri Rama Wijaya.

Fungsipun kangge ngudhar raos kuciwa menika ugi saged dipunwaos saking pawicantenanipun Dewi Sintha. Dewi Sintha ngandharaken bilih Rahwana menika raja ingkang jerih ingkang wedi mati saha raja ingkang namung saged ngrebut bojone liyan saha boten wantun tandhing kaliyan Sri Rama Wijaya. Amargi Dewi Sintha tindak tanduk saha tintak tuturipun boten trep kaliyan pangajengipun Rahwana saengga Rahwana kuciwa saha nuturaken tuturan

ingkang misuh. Pisuhan **kethek** menika dipuntuturaken kangge ngudhar bilih Rahwana kuciwa kaliyan Dewi Sintha saengga misuhi Dewi Sintha.

d. Pisuhan ingkang fungsipun kangge sarana ngudhar raos getun

Getun inggih menika raos boten kepenak amargi sampun nindakaken pakaryan, pandamelan utawa prastawa ingkang awon, tuadhanipun menawi sampun mbujuki tiyang sanes utawi sampun ndamel tiyang sanes duka saha ndamel tiyang sanes ngraosaken raos ingkang boten kepenak wonten manahipun. Nalika manungsa sampun sadhar kaliyan kalepatannipun saha ngraosaken raos getun kaliyan kalepatan ingkang sampun dipunlampahi, adhatipun manungsa menika nyalahaken tindakannipun piyambak. Raos getun menika asring dipunlampiasaken kanthi nuturaken tembung pisuhan. Saengga pisuhan saged nggambaraken raos getun saking penutur tertentu. Pisuhan ingkang dipuntuturaken menika beda kaliyan pisuhan kangge nggambaraken raos duka, anyel saha kuciwa. Ingkang saged mbedakaken inggih menika nada, intonasi, dhuwur cendhakipun suwanten saha ekspresinipun pasuryan, tuladhanipun inggih menika *goblok*, *edan*. Salajengipun tuladha pisuhan ingkang dipunpanggtihaken wonten ing panaliten inggih menika

.....

Pemerintah kisruh melulu ngene kok mikir nyediyakake papan gawean

Edan, edan!

Jamane pancen digawe edan

Ha nek wong edan iku papane ngendi bu?

Wawonh takono gurumu

Sing pinter medhar ilmu

Senajan lakune kaya sapi

Hake dikebiri pendhuwure ora ngerti

Dhuwite sertifikat dipotong ora nglegewo

Wis cah ora usah kakean nggetuni kawontenan

Mugena wae sinaumu, ibadahmu

.....DL, no.48/ XLIII, 27 April 2013

Fungsinipun pisuhan ing nginggil inggih menika dipuntuturaken kangge ngudhar raos getun. Pisuhan **edan,edan** dipuntuturaken kangge nggetuni jaman samenika ingkang dipunanggep sampun boten normal. Saking koteks pawicantnanipun dipunandharaken bilih pemerintah menika malah kisruh kaliyan pikiranipun piyambak-piyambak saengga boten saguh nyediyakaken papan gawean. Nalika dipuntingali sakng konteks pawicantenanipun, pisuhan **edan,edan!** menika dipuntuturaken ibu marang anakipun. Pisuhan menika boten pisuhan ingkang kalebet kasar sanget amargi boten dipuntuturaken kangge ngudhar raos duka. Ibunipun namung getun kaliyan kawontenan saha pemerintah ingkang boten purun nyediyakaken gawean kangge rakyatipun ananging malah kisruh kaliyan kepentinganipun piyambak-piyambak. Raos getun ugi dipuntuturaken wonten salah setunggaling larik wonten ing geguritan inggih menika ingkang panyeratannipun “Wis cah ora usah kakean nggetuni kawontenan”. Wonten ing larik menika ibunipun nuturaken bilih wonten tembung “getun” tegesipun ibunipun getun kaliyan kawontenan ingkang *edan* ananging boten saged ngowahi kawontenan.

e. Pisuhan ingkang fungsinipun kangge sarana ngudhar raos keduwung

Fungsining pisuhan ingkang salajengipun inggih menika pisuhan kangge ngudhar raos keduwung kaliyan paraga utawi prastawa tertemtu nalika penutur mirsani paraga utawi prastawa tertemtu saha mirengaken prastawa tertemtu. Tuladha wonten ing panaiten inggih menika Kutipan pawicantenan antawisipun Mbah Mingun, Yu Mona, saha Kang Marjo. Wonten ing papan pertunjukan seni.

A : “**Edian** jian ciamik, ketok anggun tenan huayu-huayu”

B : “Whuah nek sindhen dha kaya iki wis mesti karawitan semakin eksis. Awake dhewe saya

bangga punya kesenian andhawonn, pelakune
saka kawonngan mudha”
DL, no.35/ XLIII, 26 Januari 2013

Pawicantenan ing nginggil menika dipuntuturaken kangge ngudhar raos gumun utawi keduwung. Nalika paraga gumun kaliyan kawontenan, paraga utawi piranti tertemtu, paraga asring nuturaken pisuhan. Paraga ingkang mirsani paraga utawi piranti tertemtu menika ingkang boten biyasa saha boten asring dipunpirsani menika saged nuturaken tuturan ingkang misuh, ananging pisuhan menika boten kasar. Pisuhan ingkang dipuntuturaken, saking konteks pawicantenanipun kalebet tuturan ingkang nadanipun boten kasar. Saking konteks pawicantenanipun penutur nuturaken tembung pisuhan **edian** amargi penutur mirsani sindhen ingkang ayu-ayu ingkang luwih ayu saking garwanipun. Pisuhan menika dipuntuturaken kaliyan penutur ananging penutur boten sadhar menawi sampun misuh, amargi penutur sampun ngraosaken raos keduwung saengga tuturan **edian** dipuntuturaken. Tuturan **edian** sejatosipun dipuntuturaken kangge muji sindhen boten dipunginakaken kangge duka kaliyan sindhen. Pisuhan ingkang fungsipun kangge ngudhar raos keduwung menika boten sami kaliyan fungsipun pisuhan sanesipun. Pisuhan sanesipun dipuntuturaken amargi wonten raos lara ing manah, ananging pisuhan ingkang fungsipun kangge ngudhar raos keduwung menika dipuntuturaken boten wonten lara ing manah.

f. Pisuhan ingkang fungsipun kangge sarana ngudhar raos nyamah

Nyamah seged kadadosan amargi penutur boten remen kaliyan tuturan saha tindak tanduk paraga sanes, saengga penutur saged nuturaken tembung-tembung arupi pisuhan. Tuladha pisuhan ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten inggih

menika. Kutipan pawicantenan antawisipun Cleret kaliyan Yesus. Wonten ing wana.

Cleret : “Angrtiya Yesus. Aku panchen tedhak turune angin kang ngedap-edabi. Kowe ngerti ora yen tornadi ing Amerika iku isih klebu trah karo aku. Mbahku dhewe isih keturunanane angin sing wis kasil gawe Tsunami ing ngendi-endi”

Yesus : “Huh mung kaya mengkono wae diumukke. Ngertiya, ya cleret **gombel**! Aku iki esih keturunan kaping pitu Eyang Dewa Bayu. Apa ora hebat?”

DL: no.25/ XLIII,16 Nopember 2013

Pisuhan wonten ing pawicantenan ing nginggil menika kalebet pisuhan ingkang dipuntuturaken kangge ngudhar raos nyamah. Nyamah inggih menika raos nggampangaken pakaryan utawi paraga sanes (Moeliono, 1988:308). Nyamah ugi kalebet tindakan ingkang awon amargi nyamah menika asring boten dipunsenengi kaliyan mitra tutur sanes. Pisuhan ing nginggil ingkang dipunanggep kangge ngudhar raos nyamah inggih menika tembung **gombel**. Tembung **gombel** saged dipunsebat kalebet pisuhan ingkang dipuntuturaken kangge ngudhar raos nyamah nalika dipunwaos saking konteks pawicantenanipun. Wonten ing konteks pawicantenanipun dipunandharaken bilih Yesus nuturaken tuturan pisuhan **gombel** kangge ngudhar raos nyamah. Wonten ing konteks pawicantenanipun menika Cleret umuk bilih piyambakipun tasih setunggal trah kaliyan angin tornado wonten ing Amerika saha angin gedhe ingkang sampun nyebabaken Tsunami. Yesus salejengipun micantean amargi Cleret sampun umuk saengga Yesus misuh ngangge tembung **gombel** saha micanten bilih Yesus menika tasih keturunan Eyang Dewa Bayu saha ngece Cleret kanthi nuturaken pisuhan **gombel**, saengga pisuhan menika dipuntuturaken kangge ngudhar raos nyamah.

g. Pisuhan ingkang fungsipun kangge sarana ngraketaken pasrawungan

Nalika sampun manggihi suasana ingkang raket antawisipun paraga setunggal kaliyan paraga sanesipun boten ngraosaken raos sungkan amargi status sosial ingkang boten sami antawisipun paraga setunggal kaliyan paraga sanesipun. Tuladha pisuhan ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten inggih menika. Kutipan pawicantenan antawisipun *penulis* kaliyan Pak Tonggos. Wonten ing Kampung Njeron Beteng.

A :”Hahaha owalah Pak Tonggos, cobu niku lensa pembesare dicopot riyin, trus njenengan kondur ten ndalem, dipirsani corone mangke lak pun menkeret dadi cuilik Pak”

B : “Hehehe iya ya Mas, *semprul* iki apa sing marakke coro dadi guedhi sak kucing”

Pak Tonggos klentreng-klentreng bali mulih karo pijer nyebleki lensa pembesare.
DL: no.08/ XLIII,20 Juli 2013

Fungsipun pisuhan *semprul* wonten ing pawicantenan ing nginggil inggih menika dipuntuturaken kangge ngraketaken pasrawungan. Pisuhan ingkang dipuntuturaken kangge ngraketaken pasrawungan menika saking konteks pawicantenanipun boten dipunanggep kasar. Pisuhan menika dipuntuturaken kangge nggairaken suasana ingkang raket antawisipun paraga setunggal kaliyan setunggalipun. Pisuhan reraketan menika asring dipuntuturaken kaliyan nada gojeg utawi guyon. Pisuhan kangge ngraketaken pasrawungan menika namung dipuntuturaken kaliyan paraga ingkang sampun akrab, nalika nuturaken pisuhan menika paraga boten duka ananging malah sampun biasa. Saking konteks pawicantenanipun saged dipunwaos bilih paraga A menika ningali coro ngangge lensa pembesar salajengipun paraga B ngguyu kaliyan nuturaken bilih Pak Tonggos inggih menika paraga A dipunutus nyopot lensanipun. Salajengipun Pak Tonggos inggih menika paraga B ngguyu saha nuturaken tuturan pisuhan

semprul. Pisuhan *semprul* ing nginggil dipuntuturaken kangge misuhi paraga A ingkang sampun ngguyu tindakanipun paraga B. Ananging pisuhan menika dipuntuturaken kaliyan guyon.

h. Fungsipun kangge ngudhar raos bungah

Nalika paraga ngraosaken raos bungah, paraga ugi saged nuturaken tuturan pisuhan. Pisuhan ingkang dipuntuturaken menikaketep gadhah teges ingkang awon ananging nadanipun tuturan boten duka. Tuladhanipun inggih menika.

Satriya : “Aku bungah bisa uwal saka pambujuking wanita kang atine *iblis* kuwi, atiku plong bisa nyuntak kawontenan kang satemene gawe mbeledhedheg jawonran dianggep sasuwene iki ora ngerti marang pokale *genderuwo*. Kanthi crita nyata iki muga-muga *iblis* kang nggodha bisa ngerti menawa ora ana kang luwih sekti kejaba mung Gusti Kang Maha Agung”

Pisuhan ing pawicantenan ing nginggil kalebet pisuhan ingkang dipuntuturaken kangge ngudhar raos bungah. Tuladha pisuhan ingkang dipuntuturaken kangge ngandharaken raos bungah inggih menika tembung *iblis saha genderuwo*. Raos bungah inggih menika raos seneng ing salebeting manah, raos beja utawi perasaan tentrem amargi sampun bebas saking sedaya beban saha masalah ingkang kadadosan, raos seneng lair saha batinipun (Suharso saha Ana Retnoningsih, 2008:57). Tembung *iblis saha genderuwo* ing pawicantenan ing nginggil kalebet pisuhan ingkang dipuntuturaken kangge ngudhar raos bungah nalika dipunwaos saking konteks pawicantenanipun. Saking pawicantenan ing nginggil menika dipunandharaken bilih Satriya bungah amargi sampun saged uwal saking pambujuking wanita. Satriya sampun ngraosaken raos plong wonten ing salebeting manahipun. Pisuhan *iblis saha genderuwo* menika dipuntuturaken kangge nyebataken wanita ingkang sampun mbujuki Satriya. Amargi wanita

kasebat bujuki satriyo supads nglampahi tindakan awon saengga dipunsebat **iblis saha genderuwo**. Saking konteks pawicantenipun dipunandharaken bilih pawicantenan ing nginggil kangge ngandharaken raos bungah.

i. Pisuhan ingkang fungsipun kangge ngudhar raos kaget

Wonten ing prastawa padintenan, raos kaget asringipun nuwuhaken emosi. Tuladhanipun pusuhan ingkang dipuntuturaken kangge ngudhar raos kaget inggih menika. Kutipan pawicantenan antawisipun Ibu sampungipun penulis kaliyan penulis. Wonten ing dalemipun penulis.

Aku : “Ibuuuuuuuuu!”

Ibu sambung : “**Kurang ajar**, Ibu sambungku menthelengi aku, jebul kowe nginceng aku?”

DL: no.19/ XLIII,5 Oktober 2013

Pawicantenan ing nginggil kalebet pisuhan ingkang dipunginakaken kangge ngudhar raos kaget. Raos kaget inggih menika raos boten nyongko saha boten wonten pikiran saderengipun menawi badhe wonten parstawa menapa kemawon (Suharso saha Ana Retnoningsih, 2008:256). Raos kaget menika dipuntuturaken kanthi pisuhan **kurang ajar**. Tembung **kurang ajar** menika dipunanggep pisuhan nalika dipunwaos saking konteks pawicantenanipun. Saking konteks pawicantenanipun pisuhan **kurang ajar** menika kalebet pisuhan ingkang dipuntuturaken kangge ngudhar bilih penutur menika kaget. Saking konteks pawicantenanipun ngandharaken bilih Ibu sambungipun misuh kaliyan penulis amargi Ibunipun kaget tindak tandukipun sampun keconangan kaliyan anak tirinipun. Nalika Ibu sambungipun penulis nindhakaken upacara ritual kangge nindakaken perjanjian kalih iblis supaya anak bojone sayang. Nalika ngawotenaken perjanjian menika anakipun ngonangi saengga Ibu sambung kaget

salajengipun nuturaken pisuhan ***kurang ajar*** amargi kaget. Pisuhan ***kurang ajar*** menika dipuntuturaken kangge misuhi anak tirinipun ingkang sampun nginceng ritualipun kaliyan iblis.

Pisuhan ingkang dipuntuturaken ing nginggil saking konteks pawicantenipun dipuntuturaken kangge ngudhar raos kaget amargi tindakanipun Ibu sambung ingkang awon dipuntingalianak tirinipun. Raos kaget ing nginggil menika nuwuhaken tuturan ingkang asipat *negatif*.

j. Pisuhan kangge nyindhir

Nyindhir inggih menika tindakanipun paraga nuturaken tembung ingkang fungsipun kangge paraga ingkang dipunsindhir ananging biasanipun dipuntuturaken kaliyan tiyang sanes Suharso saha Ana Retnoningsih (2008:474). Nyindhir saged dipuntuturaken kanthi guyon saha duka. Paraga anggenipun nyindhir menika ugi asring migunakaken tembung ingkang kalebet pisuhan. Tuladhanipun inggih menika. Kutipan pawicantenan antawisipun Lik Ngadi kaliyan Pardi Parkir. Wonten ing warungipun Yu Monah.

Lik Ngadi : “Pertanyaanmu memang menggelitik, korupsi iku wis budaya artine wis dilakoni kambek masyarakat Indonesia, nek ora ana utawi rak wani ngorupsi apese cilik-cilikan, tegese belum trendi ***kampungan utawi ndesit***. Contone tukang parkir ika, nek ora nyetut setoran berarti belum memaknai arti korupsi, malah dianggep lucu mbek langka”

Pardi Parkir : “Nek ngomong ja angger njeplak Lik”

Fungsipun pisuhan ing nginggil inggih menika dipuntuturaken kangge ngudhar raos nyindhir. Raos nyindhir inggih menika tindakanipun paraga nuturaken tembung ingkang fungsipun kangge paraga ingkang dipunsindhir ananging biasanipun dipuntuturaken kaliyan tiyang sanes Suharso saha Ana

Retnoningsih (2008:474). Boten namung duka, anyel saha kuciwa kemawon paraga saged nuturaken tuturan ingkang kaebet pisuhan, ananging nalika nyindhir paraga tertemtu ugi asring dipuntuturaken kaliyan pisuhan. Pisuhan ingkang dipungiakaken kangge ngudhar raos nyamah wonten ing pawicantenan ing nginggil inggih menika tembung ***kampungan utawi ndesit***.

Pisuahan ***kampungan utawi ndesit*** saged dipunanggep misuh nalika dipunwaos saking koteks pawicantenanipun. Saking konteks pawicantenanipun dipunandharaken bilih Lik Ngadi ngendika menawi jaman samenika korupsi sampun dipunanggep biyasa, tiyang ingkang boten korupsi menika tiyang ingkang tasih ***kampungan utawi ndesit***. Saengga pisuhan ***kampungan utawi ndesit*** menika dipunginakaken kangge nyindhir. Saking pawicantenan ing nginggil menika dipunginakaken kangge nyindir tiyang-tiyang jaman samenika.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembaganipun panaliten ingkang irah-irahanipun Pisuhan Basa Jawi Wonten ing Salebeting Kalawarti Djaka Lodhang (Rubrik Padhalangan, Wacan Bocah, Geguritan, Semarangan, Pagelaran, Gojeg, erita Rakyat, Pengalamanku, Jagading Lelembut, Cerkak, Oh Lelakon, saha Cerita Gambar) Edisi Januari dumugi Desember 2013, saged dipunpendhet dudutan ing ngandhap menika.

1. *Referensi* pisuhan ingkang dipunginakaken inggih menika wonten 8 jinis. *Referensi* kewan, pandamelan, peranti, regetaning manungsa saha kewan, kahanan, memedi, papan asal, saha tindakan tertemtu. *Referensi* pisuhan menika dipunpangguhaken wonten ing salebeting kalawarti Djaka Lodhang edisi Januari dumugi Desember 2013.
2. Fungsipun pisuhan wonten ing nginggil wonten 10. Fungsipun pisuhan kangge ngudhar raos duka, anyel, kuciwa, getun, keduwung, nyamah, reraketan, bungah, nyindhir saha kaget. Fungsi menika dipunginakaken kangge nedhahaken raosipun penutur nalika nuturaken pisuhan.

B. Implikasi

Adhedhasar asiling panaliten ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, wonten *implikasi* ingkang badhe kaandharaken, inggih menika:

1. Panaliten menika saged dipunginakaken dados *referensi* panaliten sanesipun babagan *sosiolinguistik* mliginipun pisuhan basa Jawi;

2. Panaliten menika ugi saged mangertosi bilih wonten ing salebeting kalawarti Djaka Lodhang wonten variasi basa mliginipun pisuhan basa Jawi;
3. Pisuhan basa Jawi dipunginakaken kangge ngudhar raos ing manahipun penulis supados ceritanipun langkung menarik wonten ing konflikipun, ananging amrih saenipun boten dipuntuturaken.

C. Pamrayogi

Pamrayogi adhedhasar dudutan saha *implikasi* ingkang sampun dipunandharaken, panaliti saged paring pamrayogi ing ngandhap menika:

1. Pisuhan saged dipunginakaken kangge nedhakaken biih wonten ing salebeting variasi bada menika ugi wonten basa pisuhan. Basa pisuhan wonten ing panaliten menika dipunginakaken namung wonten ranah pendidikan basa. Basa pisuhan saged dipunteliti wonten ing basa daerah sanesipun basa jawi, supados pamaos magertosi bilih wonten salebeting variasi basa ugi wonten basa pisuhan.

KAPUSTAKAN

- Azwar, Saifuddin. 2005. *Sikap Manusia: Teori dan Pengukurannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Bungin, Burhan. 2012. *Analisis Data Penelitian Kualitatif*. Jakarta: Rajawali pers.
- Chaer, Abdul. 2007. *Kajian Bahasa: Struktur Internal, Pemakaian, dan Pemelajaran*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 2004. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 1974. *Semantik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Holmes, Janet. 1992. *An Introduction to Sociolinguistic*. New York: Addison Wesley Logman Inc.
- Jallaludin, Rakhnat. 2000. *Metode Penelitian Komunikasi*. Bandung: PT Remaja.
- Kartamihardja, S. 1988. *Bahasa Cermin Kehidupan Masyarakat*. Jakarta: Depdikbud.
- Kridalaksana, Harimurti. 2001. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Kridalaksana, Harimurti. 1982. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Mansoer, Pateda. 2001. *Semantik Leksikal*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Mulyana. 2006. *Morfologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni UNY.
- _____. 2009. *Linguistik Umum*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni UNY.
- Moeliono, Anton. 1988. *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Nababan.P.W.J. 1984. *Sociolinguistik: Suatu Pengantar*. Jakarta: PT Gramedia.
- Nurhayati, Endang, dan Siti Mulyani. 2006. *Linguistik Bahasa Jawa: Fonologi, Morfologi, Sintaksis, dan Semantik*. Yogyakarta: Bagaskara.
- Pateda, Mansoer. 1986. *Semantik Leksikal*. Flores: Nusa Indah.
- Poerwardarminto. W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B. Wolters Uitgevers Maatschappij n.v.

- Ramlan, M. 1987. *Morfologi: Suatu Tinjauan Deskriptif*. Yogyakarta: Karyono.
- Setiyadi, Bambang. 2006. *Metode Penelitian untuk Pengajaran Bahasa Asing: Pendekatan Kuantitatif dan Kuantitatif*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Subroto, Edi. 1989. *Konsep Leksem dan Upaya Pembaharuan Penyusunan Kamus dalam Bahasa Indonesia*. Yogyakarta: IKIP uhammadiyah.
- Sudaryanto. 1982. *Metode Linguistik: Kedudukannya, Aneka Jenisnya, dan Faktor Penentu Wujudnya*. Yogyakarta: Fakultas Satra dan Kebudayaan.
- _____. 1988. *Metode Linguistik Bagian Pertama Ke Arah Memahami Metode Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- _____. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa, Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan Secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Suhardi, Basuki. 2009. *Pedoman Penelitian Sociolinguistik*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.
- Suharsana saha Retnoningsih. 2008. *Kamus Bahasa Indonesia Lengkap*. Semarang: Widya Karya.
- Suwito. 1996. *Sociolinguistik*. Surakarta: UNS Press.
- Sumarsono. 2007. *Pengantar Semantik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Wijana, Dewa Putu dan Muhammad Rohmadi. 2006. *Sosiolinguistik: Kajian Teori dan Analisis*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

TABEL ANALISIS DATA

No	Tuladha Pisuhan	Referensi										Fungsi										Indikator	Katrangan
		Kewan	Pandamelan	Pangan	Piranti	Regetaning	Kaanan	Istilah kulawarga	Memedi	Papan asal	Tindakan tertemtu	Duka	Anyel	Kuciwa	Getun	Gumun utawi keduwing	Nyamah	Reraketan	Bungah	Kaget			
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	
1.	O1:“Bojleng-bojleng pasarot bangkong celeng gembeles. Togog? Lagi wae para yeksa pada pisah kalawan ditya kala pragalba, bingung dene nggone ngupadi Dewi Srenggini durung antuk damar, teka iki ana satriya bagus kang andon lampah, piye Gog?” O2: “Hayo ndang ditakoni. Sapa kekasihe lan nang ndi punangkane!” DL, no.35/ XLIII, 26 Januari 2013	√										√									S:pawicantenan wonten ing pertapaanipun Eyang Abiyasa P:peranganing pawicantenan: O ₁ : Eyang Abiyasa O ₂ : Togog E:ancasing pawicantenan: duka amargi wonten tiyang boten sopan wonten pertapaan	Pisuhan celeng menika saking referensi kewan saha dipuntuturaken kangge ngudhar raos dukasaking konteksipun O1 duka amargi wonten paraga ingkang boten dipunkenal ingkang melbet wonten pertapaan	

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23
																					A: O₁:pambuka pawicantenan O₂: ingkang nanggepi K: kanthi swanten ingkang kebak duka saha kasar I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubik padhalangan N: pawicantenan kamirengaken kados saut- sautan, saha bisik-bisik G: jinising pawicantenan inggih menika pawicantenan kangge ngudhar raos duka	

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23
3.	Kucing: “Ayo cekelan aku, ora mung gero-gero, aku ora giris, bodho longo-longo kaya kebo” Simbok Macan: “He kucing jahanam ” DL, no.35/ XLIII, 26 Januari 2013						√					√									I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubik wacan bocah N: pawicantenan simbok macan kasar anak macan alus sahaboten mudheng G: jinising pawicantenan inggih menika pawicantenan kangge ngudhar raos duka S:pawicantenan wonten ing alas gunungliwang liwung P:peranganing pawicantenan: O₁: kucing	Pisuhan jahanam kalebet pisuhan kanthi referensi kaanan dipuntuturaken kangge

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23
																					O₂: Simboke macan E:ancasing pawicantenan: duka amargi anake macan dibujuki kucing A: O₁: ingkang naggepi pawicantenan O₂: pambuka pawicantenan K: kanthi swanten ingkang kebak duka saha kasar I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubik semarangan N:pawicantenan ingkang sami-sami kasar antawisipun	Ngudhar raos duka amargi tuturanipun kucing ingkang kasar

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23
4.	O1 : “Njur acara semuwangene iki sing mbiyayani sapa, terus pemenange pa entuk dhit?” O2 : “Nggih mesthi onten ta Mbah, ning kula nggih boten ngertos niku” O1 : “Gondhez tenan, tak kiraki ngerti tibake padha wae nol pruthul” O3 : “Wis raksah kakean nyocot, yuk ndang lungguh, selak dinggoni wong liya. Tur acarane yo wis dibukak kambek sing halo-halo” DL, no.35/ XLIII, 26 Januari 2013		√															√			kucing saha maca G:pawicantenan kangge ngudhar raos duka S:pawicantenan wonten ing papan pertunjukan seni P:peranganing pawicantenan: O₁: Mbah Mingun O₂: Yu Mona O₃: Kang Marjo E:ancasing pawicantenan: nonton lomba sindhen A: O₁: ingkang pambuka pamicantenan	Pisuhan gondhez menika referensinipun saking pandamelan saha kangge ngudhar raos reraketan, amargi pawicantenan kasebut dipuntuturaken kanthi nada guyon

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23
5.	O1 : “Njur acara semuwangene iki sing mbiyayani sapa, terus pemenange pa entuk dhit?”										√							√			O₂: ingkang nanggepi pawicantenan O₃: ingkang nanggepi pawicantenan K: kanthi guyon I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubik semarangan N:pawicantenan ingkang dipuntuturaken kanthi guyon G:pawicantenan kangge ngudhar raos reraketan S:pawicantenan wonten ing papan pertunjukan seni	Pisuhan <i>nyocot</i> menika referensinipun

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23
	O2 : “Nggih mesthi onten ta Mbah, ning kula nggih boten ngertos niku” O1 : “Gondhez tenan, tak kiraki ngerti tibake padha wae nol pruthul” O3 : “Wis raksah kakean nyocot, yuk ndang lungguh, selak dinggoni wong liya. Tur acarane yo wis dibukak kambek sing halo-halo”																				P:peranganing pawicantenan: O₁: Mbah Mingun O₂: Yu Mona O₃: Kang Marjo E:ancasing pawicantenan: nonton lomba sindhen A: O₁: ingkang pambuka pamicantenan O₂: ingkang nanggepi pawicantenan O₃: ingkang nanggepi pawicantenan K: kanthi guyon I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubik semarangan	saking tindakan tertentu saha kangge ngudhar raos reraketan, amargi pawicantenan kasebut dipuntuturaken kanthi nada guyon

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23
6.	A : “Edian jian ciamik, ketok anggun tenan huayu-huayu” B : “Whuah nek sindhen dha kaya iki wis mesti karawitan semakin eksis. Awake dhewe saya bangga punya kesenian andhalan, pelakune saka kalangan mudha” DL, no.35/ XLIII, 26 Januari 2013						√										√				N:pawicantenan ingkang dipuntuturaken kanthi guyon G:pawicantenan kangge ngudhar raos reraketan S:pawicantenan wonten ing papan pertunjukan seni P:peranganing pawicantenan: O₁: Mbah Mingun O₂: Yu Mona O₃: Kang Marjo E:ancasing pawicantenan: nonton lomba sindhen A: O₁: ingkang	Pisuhan edian menika referensinipun saking kaanan saha kangge ngudhar raos gumun, amargi pawicantenan kasebut dipuntuturaken naika ngertos sindhen ingkang ayu-ayu

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23
																					pambuka pamicantenan O₂: ingkang nanggepi pawicantenan O₃: ingkang nanggepi pawicantenan K: kanthi guyon I: kanthi cara dipunserat wonten ing rubik semarangan N:pawicantenan ingkang dipun tuturaken kanthi guyon G:pawicantenan kangge ngudhar raos gumun	

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23
7.	O1 : “Aku kudu gumregah.” Kudu sing kendel kumendel ing piandelku marang Gusti Allah, sak gawe-gawe aku kudu tumangkar makarya, Gusti berkahi, ngluwari bebandhan panjeritku, kanthi obahing awaku dhewe iki. O2 : “We lha wong wis mlarat kabunton pepalang bebandan, kok bisa ngluwari dhewe, rak ya edan ta, malah ngomong ngene Yoben mlarat kadonyan, nanging sugih santosa ing piandel, nambahi sansaya kendel mantep lumaju ing pagesangan puniki binerkahan ning Gusti Allah” DL, no.38/ XLIII, 16 Pebruari 2013						√										√				S:pawicantenan wonten ing papan ngibadah P:peranganing pawicantenan: O₁: penulis O₂: mitra tutur E:ancasing pawicantenan: nggedhekna piandel lan tumangkar A: O₁: ingkang pambuka pamicantenan O₂: ingkang nanggepi pawicantenan K: kanthi nyamah nadanipun	Pisuhan edan menika referensinipun saking kaanan saha kangge ngudhar raos nyamah, amargi pawicantenan kasebut dipuntuturaken kangge nyamah paraga ingkang badhe tumengkar kanthi piandelipun piyambak

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23
